

Kimoun Mèlkisedèk Sa Ye?

65-0221E

Parkview Junior High School, Jeffersonville, Indiana,

Etazini

1 Annou bese tèt nou pou priye.

Chè Pè Selès, n ap tande kantik sa *Kwè Sèlman*, sa fè nou konnen ke se tout sa nou dwe fè pou nou eritye nenpòt nan pwomès Bondye yo, se jis kwè yo. Paske li ekri, “Tout bagay posib pou sa yo ki kwè.” Pandan n ap rele fò, tankou nonm ki te gen timoun epileptik la, “Seyè, mwen kwè! Ede enkredilite m.”

2 Nou remèsye w pou gran pouvwa Ou a, gwo revelasyon Tèt pa W a nou menm nan dènye jou sa. Sa rann kè nou pi kontan ak lajwa, pou konnen ke nou vin an kontak avèk Bondye Vivan an; Ki te konfime l nwit pase a ak evidans fizik, materyèl, tankou L te fè l nan jou pase yo, epi tankou Li te pwomèt pou jou sa. Nou sitèlman genyen W rekonesans, Bondye nou an. Jou sonb sa kote sanble ke pèsonn pa konn ki bò pou l ale, nou sitèlman kontan nou te jwenn zòn sekrite a, retrèt la.

3 Kounye a beni nou aswè a, Seyè, pandan n ap pwononse Pawòl Ou. Epi pwomès yo te bannou yo, ke nou mete nan kè nou, cheri yo ak reverans, e obeyi yo ak vrè disiplin diven. Paske nou mande sa lan Non Jezi. Amèn.

4 [Yon frè ap pale ak Frè Branham—Editè a.] (O, yo pa t dwe fè sa. Yon offrann damou? Yo pa t dwe fè sa. Yo pa t dwe fè sa. Kimoun ki te fè sa? Se ou ki koupab la?) M t ap fè yon ti plezantri avèk manadjè a. Li di li te pran yon ofrann damou pou mwen. Li pa t dwe fè sa. Mwen apresye sa, Bondye konn sa, men mwen—mwen pa janm vini pou sa. Mèsi. Ke Seyè a beni nou. M ap fè tout sa m kapab. M ap mete l dirèk nan misyon aletranje, konsa m ap konnen sa va ale pou Wayòm Bondye a. E si Seyè a vle, m ap pran l, mwen menm, mennen laba nan

peyi sa yo, pou pote menm Levanjil sa ki fè w tabli, pou ap tande semèn sa, alò m va konnen sa va fèt nan fason nou kwè L la. Ke Seyè a ede m fè sa.

5 Mwen trè rekonesan pou grann asistans semèn sa, e pou nou moun yo ki sou zond yo ankò aswè a pa–pa liy telefòn. E nou gen rekonesans pou chak moun epi nou tout.

6 Billy te di m maten an, li te di, “Papa, si w te vini avè m maten an, byen bonè, jis apre solèy leve, pou w te kanpe la toutotou nan plas sa yo ap obsève manman yo k ap bay ti bebe yo manje nan machin yo, pòv moun sa yo la nan lapli sa, ap tann pòt yo louvri!” Nou wè ki jan de ipokrit m t ap ye si m t ap di nou nenpòt bagay ke Laverite? Mwen t ap vrèman yon moun fou. Pafwa m oblije fè nou mal, men se pa paske m vle, se paske...Se pa mwen ki ap fè mal. Se vre ke sa fè mal. E mwen—mwen...Men m kwè se pou rezon sa nou vini, poutèt mwen sensè amò avèk nou, pou ap fè tou sa m kapab pou ede nou. Ke Seyè a ede chak moun epi nou tout.

7 E kounye a m vle remèsye moun yo pou bèl kolaborasyon yo, moun nan vil bò isit la, tou, ki te bannou, te pèmèt nou gen reyinyon nan lekòl sa, nan oditoryòm ak djim lan. E mwen vle remèsye ofisyèl yo si yo isit la, pou bèl kolaborasyon yo nan ede nou pou fè sa epi vin la avèk nou chak swa.

8 Nou remèsye fòs polis Jeffersonville la poutèt li vin isit la ap siveye, pou yon pri vrèman ba. Mwen kwè apeprè de dola lè, pou yo te mete polis la la an devwa espesyal, pou estasyon machin yo, pou asire ke pa t gen anyen...ke anyen pa t rive, pou tout bagay te ale byen. Nou gen moun yo rekonesans pou sa. Epi enjenyè a—a, tou, isit la sou–sou ki nan konsèy la, m te remake l. Epi tout moun ki asosye a sa, nou sètènman genyen w rekonesans.

9 Mwen remèsye nou chak pou don an. ke Billy fenk pote ban mwen, apremidi an, yon–yon don, plizyè ladan yo, nan bwat, ti sirèt, e latriye. E youn nan yo se te tablo Beyatitid yo–yo, avèk yon penti Kris ladan l, ak Sèmon sou Montay la. E sa sètènman te bèl. Se sèten mwen remèsye nou. Epi sitèlman anpil bagay, m pa konn kouman pou m remèsye nou. La, tou, pou sipò nou–nou, pou finansman reyinyon yo, nou sètènman apresye sa, ak tout kè nou. Ke Seyè a beni nou chak, richman.

10 Billy di, gen anpil moun, ki t ap mande pou gen entèvyou prive pandan moman an. E anpil ak ti bebe te mande pou yo te konsakre yo. O, ala m ta vle fè sa!

Men, ou wè, lè m te vini fwa sa, se te sitèlman ijan, m te oblije rete konsantre, tout tan, ap etidye Pawòl sa nan lapriyè, poutèt m t ap pote Mesaj sa yo. Ou wè, yo pa...Yo–yo ekstraòdinè pou nou, paske se jwenn volonte Bondye e apres a di bagay yo. E tou sa dwe mete ansanm, pou ap mande Bondye jis kiyès ki dwe louvri.

11 Bon, si Seyè a vle, nou va retounen ankò byento, osito ke nou ka jwenn yon moman. Mwen te poze yon–yon jès, oswa–oswa m te di yon bagay konsènan Pak. Mwen ta fè mye tcheke sa, mwen kwè m gen yon orè ki planifye pou Californie apeprè nan menm tan sa. Kidonk sa kapab pa bay. Men kanmenm, lè nou retounen ankò nan tabènak la, nou va voye yon kat pou ou, ak legliz la, epi–epi ba w dat la–la ak moman an. Apresa m va, petèt nan moman sa, retounen ankò...

12 M pa t mete yon tan pou priye pou malad. Nou pa t gen yon sèvis kote nou te mennen moun yo pou yo te priye pou yo. Nou te fè yo ale aleksteryè. E frè nou yo isit la te preche, Frè Lee Vayle ak Frè...Lòt frè sa yo te preche, epi priye pou malad yo, ak fè batèm, ap batize, pito, pou yo te kite m poukont mwen ak Pawòl la. Nou remèsye mesye sa yo. Yo te fè yon gwo travay.

13 Gen sitèlman anpil zanmi la ke m ta renmen rankontre. M ap gade anba la e mwen wè John ak Earl. Epi men Doktè Lee Vayle, youn nan manadjè kanpay la. Frè Roy Borders. Mesye sa yo, m pa t menm gen...Mwen pa t menm ka ba yo lanmen! M pa t gen yon chans pou sa. M ap panse a zanmi m yo ki sot Kentucky, e nan viwonn lan la, ak zanmi minis, ala renmen m ta renmen ba yo lanmen! Frè Blair, m te remake l la lòt jou. Epi anpil nan mesye sa yo ke m–m renmen, e yo te asiste plizyè reyinyon, e m pa t janm menm ba yo lanmen poutan. M–m ap eseye...Se pa paske m pa vle fè sa; se paske m pa t gen tan pou fè l, e m te jis prese.

14 Konsekasyon ti bebe, sèten. Pwòp pitit pa m, ti pitit pitit mwen te sipoze konsakre nan reyinyon sa. Mwen pa t gen tan pou fè l; ti David. Mwen granpè, de fwa kounye a. Kidonk, Mesye May, si l isit la aswè a, li menm ki te ban m baton sa, ta sanble m pral gen pou m itilize l trè byento.

15 Kidonk, m te di Billy, m te di, “Bib la di efektivman ‘miltipliye epi ranpli tè a,’ men tout fado a pa t konfyè a ou menm.” E pitit pitit sa yo te rive vit.

Kifè, sonje, bèl fi mwen pa t ka fè timoun, pou kòmanse. Manzè pa t ka gen okenn timoun. E yon jou, pandan m t ap kite yon reyinyon, Seyè a te pale avè m pou di, “Loyce, ou va gen yon pitit gason. Seyè a te beni w. Twoub fanm ou an te pati.” Ti Pòl te fèt, nèf mwa pi ta.

16 De mwa anvan bebe sa te vin sou sèn lan, mwen te chita, ap manje ti dejene yon maten, bò tab la, e Loyce ak Billy te chita lòtbò tab la anfas mwen. E m te wè Loyce ki t ap bay yon ti bebe manje ak yon ti dra woz...oswa ble vlope l. E Billy te chita nan kwen an, ap bay ti Pòl manje. M te di, “Billy, mwen jis sot gen yon vizyon. Loyce t ap bay yon ti bebe vlope nan yon ti dra ble manje.”

Li te reponn, “Bliye vwayaj lachas mwen an. Sa se jis nèf mwa ki abouti a kounye a.”

Onz mwa pi ta, ti David te fèt. E m pa t kapab konsakre l ankò pou Seyè a, e m pap kapab jiskaske nou retounen ankò. Kidonk nou wè sa l ye.

17 Ala m renmen moun yo ak fratènite yo! Men frè nou yo tap priye pou malad yo, e m konnen se yon siksè. Chak nwit nou te priye pou malad yo, youn te poze men sou lòt, nou tout ansanm, ak fason sa a sa benefisye tout moun nèt. Men petèt, si Bondye vle...M ap make l sou kat la, si nou voye l. Lè m tounen, m ta renmen konsakre apeprè de ou twa jou, ankò, jis pou priye pou malad yo epi fè sa nou kapab nan fason sa. Bon, e m remèsye moun yo ankò, pou èd yo.

18 Kounye a m jis vle kòmante, jis yon moman, sou–sou Mesaj maten an. Pa gen okenn dout, ke m pa t pase atravè l konplètman, men mwen kwè nou konprann. E mwen sèten ou pa t...Nou pap janm konnen kisa sa te ye pou mwen pou m fè.

19 Bon, sa sanble trè senp pou nou. Men, ou, ou wè kisa ki t ap fèt? Ou t ap pran plas Bondye, pou pwononse Yon bagay. E anvan pou m ta fè sa, te dwe gen yon repons ki vin de Bondye! E Li te dwe desann, epi Li menm vizibleman ki t ap montre Tèt Li, pou L te bay Revelasyon an. Kidonk, ou wè, sa se pou Legliz. E sonje, mwen te di, “Bagay sa yo, sa m te di a, se te pou Legliz la sèlman.”

20 E pou nou ka gen konfyans epi konnen, ke se te menm Bondye ki te di m anwo la kote ekirèy sa yo te ye, “Pale e di ki kote yo va ye.” E twa fwa san mank sa te rive. Kounye a, si Li ka pa menm Pawòl sa kreye yon bagay ki pa t la, konbyen plis Sila va tabli solid Jou Jijman an! Ou wè? Moun yo te la pou ap wè bagay sa yo, epi pran konsyans. Tankou Pòl te di a, nan tan pase yo. Te gen dèzòm avèk li, ki–ki te santi tè a t ap sekwe, e ki pa t tandè vwa a, men yo–yo te wè Kolòn de Fe a–a.

21 Sa te fè m di byen, apre sa te fini, pou wè mari ak madanm, ke m konnen yo se dè Kreyen otantik, ap bay akolad youn ak lòt epi ap kriye dlo nan jye.

22 Koute, zanmi, Bondye konfime Pawòl Li ak siy epi konfimasyon, pou pwouve ke Se vre, Pawòl pale a. Kounye a sonje, Limyè sa a ki te nan Nyaj sa a, ki te bay Revelasyon an...

Mwen te...Ti pitit fi m lan t ap di m, Sara ki la, ke kan yo...Ke lekòl la nan Arizona t ap gade anwo la yon syèl san nyaj, pou ap gade sa. Nyaj misterye sa ki t ap brile Ladann. Pwofesè a te sispann fè klas ak lekòl, pou te mennen yo deyò devan, pou di, “Èske nou te janm konn wè yon bagay konsa? Gade fason sa ye la.”

Sonje, sa se menm Limyè koulè anb sa ki sou woche a. Kidonk se menm Bondye a, men Revelasyon an , ki te di, “Di yo pou fè sesi.” Se sa m te di nou maten an, kifè Men Ni.

23 Si sa ta bay ke bon zanmi m, Frè Roy Roberson, ap tandè nan Tucson. Roy, ou sonje, lòt jou, vizyon ou te fè a lè nou te soti kanpe sou montay la? Ou te vin bò kote m, epi Nyaj sa te sispandi anlè l? Te vin ap desann, ou konn kisa L te di w, e mwen te di w sa nan kay sa, lòt jou? Se sa, Roy. Piga w enkyete w ankò, pitit mwen. Se fini.

24 Nou jis pa konn kisa sa vle di! Se lagras. Li renmen nou. E nou renmen Li, sèvi L ak imilite epi adore L tout restan jou nou. Rejwi nou, avanse epi viv jan nou ye a. Si nou kontan, kontinye fason sa. Piga janm fè yon move bagay, konsa, ankò. Jis avanse. Se gras Bondye.

25 Kounye a m vle priye ankò anvan nou antre nan Pawòl la. Konbyen moun ki pral priye pou mwen? M jis ap deplase de reyinyon an reyinyon. Èske w ap priye?

Nou konnen, m ta renmen chante yon ti kantik pou ou, nou tout ansanm, anvan n al nan Pawòl la. Jis pou...pou nou ka konn Bondye...Jis yon ti konsekasyon. Èske nou te janm tandè ti kantik sa, *Li Ap Pran Swen Ou?* “Nan bon tan ak tristès, Li ap pran swen ou.”

26 Ti dam lan ap vin sou pyano a. Anpasan, mwen vle remèsye ti dam sa, tou. Mwen pa menm konn kimoun li ye. Se youn nan pitit fi dyak isit la. Mwen sètènman...se tifi Frè Wheeler. Manzè vin gran kounye a. Li te yon ti bagay toupiti ki te konn chita sou janm mwen, sa pa fè lontan, e kounye a li se yon jèn dam. Kifè mwen sètènman remèsye l poutèt l ap itilize talan l nan mizik, pou ap jwe kounye a avèk dousè. Èske w vle bannou akò a, sè? Nou tout ansanm kounye a.

Li ap pran swen ou,

Li ap pran swen ou,

Nan bon tan ou tristès,

Li ap pran swen ou.

Ou renmen sa? Annou chante l ankò, nou tout ansanm.

Li ap pran swen ou,

Li ap pran swen ou;

Nan bon tan ou nan tristès,

Li ap pran swen ou.

Frè Dauch, L ap fè l pou ou, tou, Frè. Èske w pa renmen L?

Annou bese tèt nou kounye a.

27 Chè Bondye ki fè Gras, avèk ti nòt sa la pou di pèp la kèk bagay, epi retounen ankò ap refere a maten an, paske se sa moun yo vin tandè. Mwen priye, Bondye, ke W pèmèt moun yo wè ke Bondye renmen yo epi Li sousye L. E se pa t mwen ki te delivre Sa, Seyè, sa te konfime ke se te Laverite. Kidonk mwen priye, chè Bondye, ke Lanmou Ou va toujou rete pami moun yo. Aswè a, pou n oblije separe apre reyinyon sa epi ale nan diferant demè nou, sa-sa on jan ap tiraye nou, kèk lan nou, an pwofondè, Seyè. M priye ke W va beni moun sa yo.

28 Kounye a pandan n ap apwoche Pawòl la , nan lapriyè, epi ap apwoche Pawòl ekri a, nou mande W pou pran Pawòl ekri sa epi rann Li vivan pou nou aswè a. Epi lè n ap kite bilding sa aswè a pou separe al nan diferan demè nou, ke nou kapab di menm jan ak sila yo ki te soti Emayis, ki t ap mache avè L tout jounen an e malgre sa yo pa t rekonèt Li, men lè L te reyini yo nan pyès la jou swa sa, epi pòt yo te byen fèmen, Li te fè yon bagay jis menm jan Li te konn fè anvan krisifiksyon L. Avèk sa, yo te rekonèt Sila ki te resisite a.

Fè sa ankò aswè a, Seyè. Akòde l, alòske pòt yo fèmen, e ti gwoup Ou a isit la, ap tann. E Papa, lè nou va al lakay nou, nou va di tankou yo te fè l, "Èske kè nou pa t ap brile anndan nou pandan Li t ap pale avèk nou sou tout wout la!" Nou remèt nou nou menm, ak tout bagay, nan Men W, Seyè. Fè avèk nou jan W wè ki bon an. Lan Non Jezi. Amèn!

29 Bon annou antre dirèk nan sèvis la kounye a, rapidman. Tounen la avèk mwen, si nou vle, nan Liv Ebre, ak yon lòt revelasyon sou Mesaj la. N ap jis pale yon ti moman aswè a, si Seyè a vle. E la pandan m ap li twa premye vèsè Ebre 7: 1 a 3, pou answit kòmante sou sa. Nou pa konn kisa Seyè a va fè, nou pa konnen. Sèl bagay nou fè se jis kwè, obsève, priye. Se vre? Epi kwè ke "Li va fè tout bagay fonksyone ansanm pou byen sa yo ki renmen L," paske Li te pwomèt li.

Paske Mèlkisedèk sa, wa Salèm, sakrifikatè Bondye trè wo a, te rankontre Abraham ki t ap retounen apre masak wa yo e li te beni li;

Sila tou ke Abraham te bay yon dizyèm tout bagay; ki se dapre premye entèpretasyon an Wa jistis, e apre sa Wa Salèm tou, ki vle di, Wa lapè:

Annou li on tijan pi lwen.

San papa, san manman, san desandan,...ni kòmansman jou, oubyen fen lavi; men ki te vini tankou Fis de Dye a, te vin yon sakrifikatè a pèpetwite.

30 Panse a gran Pèsonaj sa, jan Nonm sa te dwe yon gwo zafè! Kounye a, kesyon an se, “Kimoun Nonm sa ye?” Teyolojiyen te gen diferant ide. Men depi ouvèti Sèt So yo, Liv mistè sa ki te misterye pou nou...Dapre Apokalips 10: 1 a 7, tout mistè ki te ekri nan Liv sa, ki te kache pandan aj refòmatè yo, te sipoze devwale aklè pa anj dènye aj legliz la. Konbyen moun ki konnen ke se vre? Se vre, sa te sipoze rive. Tout mistè Liv misterye a dwe revele bay mesajè Lawodise aj sa.

31 Poutèt gen anpil diskisyon konsènan Pèsonaj epi sijè sa, mwen kwè se responsablite nou pou nou dekòtike l, pou jwenn Kimoun sa ye. Bon, gen plizyè lekòl panse sou Li.

Youn nan lekòl sa yo, pretann, “Li se jis yon mit. An reyalyte Li pa yon moun.”

E lòt yo di, ke, “Se te yon sasèdòs/sakrifikati. Se te sakrifikati selon lòd Mèlkisedèk.” Sa se li ki plis fè sans, ki parèt mye sou bò sa ke lòt kote a, poutèt yo di ke se te yon sakrifikati a.

Sa paka sa, paske nan 4triyèm vèsè a Sa di Li te yon Moun, yon “Nonm.” Kifè, pou w ka yon Moun, Li oblije gen yon pèsonalite, yon “Nonm.” Pa yon òd, men yon Moun! Kidonk Li pa t jis anba yon sakrifikati, Li pa t yon mit non plis. Li te yon Moun.

32 E Moun lan Etènèl. Si nou remake, “Li pa t gen okenn papa, Li pa t gen okenn manman. Li pa t janm gen yon tan Li te kòmanse. E Li pa t gen okenn tan Li t ap janm fini.” E kèlkeswa Moun sa te ye a Li toujou vivan aswè a, paske Bib la di la, ke, “Li pa t gen ni papa, ni manman, ni kòmansman jou, oswa fen lavi.” Kidonk Sa ta dwe yon Moun Etènèl. Èske se sa? Yon Moun Etènèl! Kidonk sa ka sèlman yon Moun, se Bondye, paske Li se sèl Sila ki Etènèl. Bondye!

33 Kounye a, nan 1 Timote 6:15 ak 16, si w ta renmen li sa yon jou, m ta renmen w li l.

Bon, bagay ke m ap debat la sè, ke, Li te Bondye, paske Li se sèl Moun ki ka imòtèl. E la, Bondye t ap chanje Tèt Li an Moun; se sa L te ye, “San papa, san manman, san kòmansman vi, ni fen tan.”

34 Kounye a nou jwenn nan Lekriti ke anpil moun anseye sa, “twa pèsonalite nan Divinite.” Konsa, ou pa ka gen yon pèsonalite san pa gen yon pèsòn. Sa pran yon pèsòn pou fè yon pèsonalite.

Yon minis Batis, sa fè kèk semèn pase, te vin lakay mwen, pou di, “m ta renmen korije w sou Divinite yon jou lè w gen tan.” Li te rele m pito.

35 M te di, “Mwen gen tan drèt la, paske m vle koreksyon, e nou te mete de kote tout lòt bagay, pou fè sa.”

E li te vini, li te di, "Frè Branham, ou preche ke gen jis yon Bondye."

M te reponn, "Wi, mesye."

Li te di, "Ebyen," li te ajoute, "Mwen kwè gen yon Bondye, men yon Bondye an twa Pèsòn."

M te di, "Mesye, repete sa ankò."

Li te di, "Yon Bondye, an twa Pèsòn."

36 Mwen te di, "Ki kote w t al lekòl?" Ou wè? E li te di m nan yon–yon kolèj Biblik. M te di, "M ka kwè sa. Ou paka yon pèsòn san yon pèsonalite. E si w gen yon pèsonalite, ou se yon pèsonalite pou kont ou. Ou se yon èt endividyèl, separe."

E li te di, "Ebyen, teyolojiyen yo paka menm eksplike sa."

M te reponn, "Se ak revelasyon."

E li te di, "M pa ka aksepte revelasyon."

37 Mwen te di, "Enben, pa gen okenn fason pou Bondye revele L a oumenm, paske, 'Li kache nan je moun ki gen sajès ak moun ki pridan, e li revele L a ti bebe yo, revele, revelasyon, 'releve a ti bebe ki se sila k ap aksepte Li, aprann de li.'" Apre sa, mwen di, "Pa gen okenn fason pou Bondye fè w konnen L; ou vire do ba Li." Tout Bib la se revelasyon Bondye. Tout Legliz la bati sou revelasyon Bondye. Pa gen lòt fason pou konnen Bondye, sèlman pa revelasyon. "A moun Pitit la va revele Li." Revelasyon; tout bagay se revelasyon. Kidonk, pou aksep-...Ou pa aksepte revelasyon an, alòs ou se jis yon teyolojiyen frèt, epi pa gen okenn espwa pou ou.

38 Bon, kounye a, nou jwenn ke Moun sa a "pa t gen papa, pa t gen manman, pa t gen kòmansman jou oswa fen lavi". Se te Bondye, en morfe. Kounye a, yo te itilize mo a—mo a vin de, mo grèk sa ki vle di "chanjman", pou chanje Tèt li, en morphe , pase de yon Moun a yon moun, mo grèk sa la, en morphe , vle di... li te itilize sou sèn teyat, ke yon moun te chanje mask li, pou l te vin yon lòt pèsònaj.

39 Tankou nan—nan lekòl la, jis dènyèman, mwen kwè, Rebekah, jis anvan l te gradye, yo te jwe youn nan pyès teyat Shakespeare yo. Epi yon jèn gason te oblije chanje rad li plizyè fwa, paske l te jwe de oswa twa wòl diferan; men, li se menm moun nan. Li te parèt, yon fwa, li te

mechan an; epi lè l te parèt pwochenn fwa, li te yon lòt pèsonaj. Epi kounye a mo grèk la, en morphe, vle di ke l "chanje mask li."

40 E se sa Bondye te fè. Se menm Bondye a tout tan. Bondye nan fòm Papa a, Lespri-- a, Kolòn dife a. Menm Bondye a te fè L chè e li te rete pami nou, en morphe, te manifeste pou yo te ka wè Li. Epi kounye a, menm Bondye sa se Sentespri a. Papa a, Pitit la , Sen... pa twa Bondye; twa fonksyon, twa ak menm Bondye a.

41 Labib di: "Gen yon sèl Bondye," pa twa. Men se poutèt sa yo pa t kab... Ou pa ka rann sa klè epi abouti a twa bondye. Ou pa ta janm rive vann yon Juif bagay sa. M ap di w sa. Yon moun ki konn mye, li konnen ke gen yon sèl Bondye.

42 Remake, tankou eskilti a, li kache, ak yon—yon mask sou li. Se sa Bondye fè pou aj sa. Li te kache. Tout bagay sa yo te kache, e yo sipoze revele nan epòk sa. Kounye a, Bib la di yo pral revele nan dènye tan sa yo. Se tankou yon eskiltè ki kenbe pyès travay li a kouvri antyèman jouk li retire mask la epi men li. E se sa Bib la te ye. Se te yon travay Bondye ki te kouvri. Epi l te kache depi fondasyon mond lan, ak sèt mistè l yo. Epi Bondye te pwomèt nan jou sa a, nan laj legliz Lawodise sa, Li t ap retire mask la sou tout bagay la pou n te ka wè L. Ala yon bagay mèveye!

43 Bondye, en morphe , te maske nan Kolòn dife a. Bondye, en morphe , nan yon Nonm yo rele Jezi. Bondye, en morphe , nan Legliz li a. Bondye anlè nou, Bondye avèk nou, Bondye nan nou; Bondye ki abese L. Anlè a , li te sen, pèsonn pa t ka manyen l; Li te rete sou mòn nan, e menm si yon bèt te touche mòn lan, li te oblije mouri. Answit, Bondye desann epi Li chanje tant li, li desann epi li rete ansanm ak nou, vin youn nan nou. "Epi nou te touche L. 1 Timote 3:16, "San diskisyon mistè pyete a gran; paske Bondye te manifeste nan lachè, ak men nou yo nou te manyen L." Bondye manje vyann. Bondye bwè dlo. Bondye te dòmi. Bondye te kriye. Li te youn nan nou. Mayifik, li te tipifye nan Bib la! Sa se te Bondye pi wo pase nou an; Bondye avèk nou; kounye a se Bondye ki nan nou, Sentespri a. Pa twazyèm Pèsòn; menm moun nan!

44 Bondye te desann, li te vin chè, li te konnen lanmò, nan Kris la; pou L te ka netwaye Legliz la, pou l te ka antre nan li, pou L fratènize. Bondye renmen kominyon. Se pou sa dabò li te fè Lòm, se te pou kominye; Bondye te pou kont li, ak cheriben yo .

45 Epi remake Kounye a, li fè lòm, e lòm te tonbe. Konsa li te desann, li te rachte lòm, paske Bondye renmen lè y ap adore L. Mo Bondye a menm vle di "objè adorasyon". Epi sila ki vin nan mitan nou an, kòm yon Kolòn Dife, kòm yon bagay ki chanje kè nou, se menm Bondye sa ki te di, "Se pou gen limyè," e te gen limyè. Li se menm nan ayè, jodi a ak pou tout tan.

46 Kounye a, nan kòmansman an, Bondye te poukont li, ak atribi L yo, jan m te pale maten an. Sa se panse Li. Pa t gen anyen, jis Bondye pou kont li, men li te gen panse. Menm jan yon gran achitèk ka mete, nan lide l, epi desine sa l panse a, li pral - bati. Kreve, kounye a, li pa ka kreve. Li ka pran yon bagay ki te kreve epi fè l nan yon fòm diferan; paske Bondye se sèl fason... se sèl Sila ki ka kreve a. Men, li met nan tèt li sa l pral fè a, epi se panse l, se dezi l. Kounye a, se yon panse, apre sa, li eksprime l, e sa vin yon pawòl lè sa.

47 Epi yon—yon pawòl se yon panse, lè l eksprime, se yon pawòl. Yon panse ki eksprime se yon mo, men li dwe yon panse anvan. Kidonk, se atribi Bondye yo; ansuit, li vin yon panse, apre sa, yon pawòl.

48 Remake. Sila ki gen, aswè a, Lavi Etènèl, te avèk Li epi nan Li, nan panse Li, anvan ke te janm gen yon zanj, zetwal, cheriben, oswa nenpòt lòt bagay la. Sa se Letènèl. Men si w gen Lavi Etènèl, ou te toujou genyen l. Non pa oumenm ki la a, men aparans ak fòm Bondye enfini an...

49 E si L pa enfini, Li pa Bondye. Bondye dwe enfini. Nou gen yon fen; Limenm li enfini. E Li te omniprezan, omnisyans, e omnipotan. Si L pa sa, alòs li pa ka Bondye. Li Konn tout bagay, Li tout kote, akòz Li omniprezan. Omnisyans rann Li omniprezan. Li se yon Èt; Li pa tankou van an. Li se yon Èt; Li rete nan yon demè. Men, paske Li omnisyans, li konn tout bagay, sa rann li omniprezan, paske li konn tout sa k ap pase. Pa ka gen yon mouch ki bat je l pou L pa konn sa. Epi li te konnen l anvan te gen yon monn, konbyen fwa li t ap bat je l, ak kantite swif li t ap gen ladan l, anvan ke te janm gen yon monn. Sa se enfini. Nou pa ka konprann li nan lespri nou, men sa se Bondye. Bondye, ki enfini!

50 Epi sonje, ou menm, je w yo, fizik ou, kèlkeswa sa w te ye a, ou te nan panse l nan kòmansman an. Epi sèl bagay ou ye se yon ekspresyon, yon pawòl. Apre l te panse l, li te eksprime l, epi men w la a. Si se pa sa, si w pa t nan panse l, pa gen okenn fason ditou pou w ta janm la a, paske se Li menm ki bay Lavi Etènèl.

51 Èske w sonje ki jan nou li Ekriti yo? "Pa moun ki vle, oswa moun k ap kouri, men sa depann de Bondye!" Epi pou ke predestinasyon l lan ka rete vre, li te ka chwazi, anvan nenpòt ki lè a, Ki moun ki... Bondye souvren nan chwa Li. Èske w te konn sa? Bondye souvren. Ki moun ki t al laba a pou di l yon pi bon fason pou fè mond lan? Kiyès ki ka oze di ke l t ap fè zafè l mal? Menm Pawòl la, Li menm, souvren. Menm revelasyon an souvren. "Li revele l a moun li pral revele." Revelasyon an li menm, souvren nan Bondye. Se konsa moun yo ap frape ak bagay yo, epi y ap ponpe sou bagay sa yo, epi yo frape ak bagay sa yo, san yo pa konn sa y ap fè a. Bondye souvren nan zèv li yo.

52 Kounye a nou jwenn li nan kòmansman an, ak atribi L yo. Epi, la, ou te avèk Li lè sa. Answit se lè Liv Lavi a vin parèt. Kounye a, nou li isit la nan Apokalips chapit 13 la, nan vèsè 8 la, ke, "Bèt ki vin sou tè a," nan dènye jou sa yo, "ap twonpe tout moun sou tè a sila yo ke non yo pa t ekri nan Liv Lavi Ayo a anvan fondasyon mond lan."

53 Panse a sa! Anvan menm ke Jezi te fèt, kat mil lane anvan Li te vin sou tè a, e plizyè milye lane anvan w te vin sou tè a, Jezi, nan panse Bondye, te mouri pou peche mond lan, epi Liv Lavi a te fèt, epi non w te ekri nan Liv lavi a, anvan fondasyon mond lan. Sa se Verite ki nan Bib la. Ou wè, non w te òdone pa Bondye epi plase nan Liv Lavi a anvan fondasyon mond lan.

54 Ou te la nan atribi Li yo. Ou pa sonje sa, non, paske ou se jis yon pati Lavi li. Ou se yon pati Bondye lè w vin yon pitit gason oswa yon pitit fi Bondye. Menm jan ou se yon pati papa terès ou a! Se vre. Ou se... Gason an pote emoglobin lan, san an. Epi lè sa te antre nan-nan ze a, alòs ou vin yon pati papa w; epi manman w se yon pati papa w tou; konsa nou tout se yon pati papa nou. Glwa! Sa kite denominasyon yo deyò, tout nèt ansanm. En-hen. Sa fè sa sèten! Se Bondye, nan tout bagay, sèl plas la!

55 Remake kounye a atribi Li a. Alò atribi a, dabò, se te Bondye; panse a, atribi a limenm, tout nan Youn, san ke yo pa t ekspri. Kidonk lè L te ekspri, nan yon dezyèm tan, Li te vin Pawòl la lè sa. "E apres a Pawòl la te fè l chèn e li te abite pami nou."

56 Nan Sen Jan chapit 1 vèsè 1, remake, sa a se, "Nan kòmansman an." Men, anvan, Etènèl la! Remake, "Nan konmansman an se te Pawòl la." Lè tan an kòmanse, se te Pawòl la. Men, anvan li te Pawòl, li te atribi, yon panse. Apre sa Li te ekspri: "Nan kòmansman an," ekspresyon an, "Pawòl la". Kounye a n ap rive sou Melchisedek. Ki se Moun misterye sa a. "Nan konmansman an se te Pawòl la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye." "E apres a Pawòl la te fè L chèn, li abite pami nou." Retni sa la kounye a, remake.

57 Li—Premye èt Li sete Lespri, Bondye, sinatirèl, dakò, gran Etènèl la. Dezyèmman, li kòmanse fòme tèt li atravè lachèn, nan yon teyofani ke yo rele, "Pawòl la, yon kò." Sa a se nan eta ke L te ye lè L te rankontre Abraham, yo te rele L Mèlkisedèk. Li te nan fòm yon teyofani. Kounye a, nou pral rive sou sa epi pwouve l nan kèk minit, si Seyè a vle. Li te Pawòl la.

58 Yon teyofani se yon bagay ou pa t ka wè. Li ta ka isit la kounye a, men ou pa ka wè l. Se jis tankou, ebyen, tankou televizyon. Sa se nan yon lòt dimansyon. Televizyon; moun ap deplase jis atravè sal sa a kounye a, ap chante; gen koulè la a, tou. Men je w sèlman soumèt a senk sans yo... Tout èt ou sèlman soumèt a senk sans yo, pito. Epi ou sèlman depann de

sa sans vizyon an te pèmèt ou wè. Men gen yon lòt dimansyon kote yo ka wè gras a yon transfòmasyon, pa mwayen televizyon.

59 Kounye a, televizyon pa fabrike imaj. Yon televizyon sèlman kanalize li nan yon sikwi, epi lè sa, ekran televizyon an kapte l. Men imaj la la a, pou kòmanse. Televizyon te la lè Adan te isit la. Televizyon te la lè Eli te sou mòn Kamèl la. Televizyon te la lè Jezi, Nazarèt, t ap mache bò rivaj Galile a. Men, ou jis dekouvri l kounye a. Yo pa t ap kwè li nan tan sa. Ou ta fou pou ta di yon bagay konsa. Men kounye a li vin yon reyalyte. E se sa l ye, sè ke Kris la isit la, zanj Bondye yo isit la. Epi yon jou, nan gran milenyòm k ap vini an, li pral jis pi reyèl pase televizyon oswa nenpòt lòt bagay la, paske yo isit la.

60 Li revele L nan fòm ekstraòdinè ke L reklame Li ye a, jan ke Li en morphe Limenm nan sèvitè l yo e li pwouve Tèt li.

61 Kounye a, men Li sou fòm Lespri a. E Apre sa li vini sou fòm yon... en morfe a. Kounye a, li te parèt pou Abraham, en morfe. Lè Abraham t ap retounen sot nan masak wa yo, Men Mèlkisedèk ki vini, t ap pale avè l.

62 Lòt jou nan jounal Tucson lan, m t ap li atik sa a kote k te gen yon—yon madanm k ap kondwi sou wout la, mwen kwè anviwon karant, senkant mil a lè, epi li frape yon granmoun gason ak yon manto sou li. Li te rele epi li te kanpe machin li. Li te voye l anlè. La menm nan mitan dezè a! Apre sa, li te retounen al chache l, e li pa t la. Kidonk kisa l te fè? Gen kèk moun dèyè l ki te wè sa rive, yo te wè granmoun lan voltije an lè, e manto li t ap vire. Konsa yo kouri tounen pou konn sa k rive. Yo pa t ka jwenn nonm lan okenn kote. Yo rele lapolis. Lapolis vini pou egzamine kote a; pa t gen pèsonn la.

63 Ebyen, yo chak te temwaye, "Machin nan te derape epi li te frape mesye a. Li te vole anlè, epi tout moun te wè l." Temwen yo, ak de oswa twa machin ke yo te ladann, te wè sa rive. Yo te fini pa jwenn ke, senkan de sa, te gen yon granmoun gason ak yon manto sou li, ki te frape epi touye nan menm kote sa. Lè w kite isit la, ou pa mouri. Ou dwe retounen, menm si w se yon pechè, epi yo dwe jije w dapre zèv ou te fè nan kò sa. "Si tabènak sou tè a detwi, nou gen youn k ap tann." En morphe, se pawòl la.

64 Kounye a, Bondye, nan etap sa nan...Se etap sa a nan kreyasyon Li an, apre sa li te fòm nan chè a, Jezi. Depi kisa? Depi gran konmansman an, Lespri, answit Li desann vin Pawòl la, ap kòmanse manifeste Li. Pawòl la poko manifeste L, li jis te eksprime, en morphe, apre sa li vin chè, Jezi, mòtèl, pou goute lanmò pou nou tout pechè.

65 Lè Abraham te rankontre I, li te Mèlkisedèk. Li deplwaye isit la sa tout atribi yo pral fè nan bout lafen an, chak pitit gason Abraham. Chak pitit Lafwa pral fè absoliman menm bagay la. Men mwen vle obsève ki jan nou dwe vini.

66 Epitou, nou wè Li te revele la nan Rit ak—ak Bòz, antanke yon paran Redanmtè, ki jan li te dwe vin lachè.

67 Kounye a, nou wè pitit gason--atribi Lespri li yo, poko antre nan fòm--kò Pawòl la...men...yon teyofani. Kò sa soumèt a Pawòl la ak gaj ...ap tann gaj la, ki se chanjman kò a.

68 Kounye a, diferans ki genyen ant li menm e oumenm, kòm yon pitit gason. Gade, nan kòmansman an, Li te Pawòl la, yon kò en morfe. Li te antre epi Li te viv nan moun ki se Mèlkisedèk la. Answit, pita, nou pa janm tandè pale de Mèlkisedèk ankò, paske li te vin Jezikri. Mèlkisedèk te prèt la, men li te vin Jezikri. Kounye a, ou pase akote sa, paske, sou fòm sa, li te konn tout bagay, epi ou poko janm te ka konn sa. Ou vini tankou Adan, menm jan avè m, ou te pase de atribi a a kò a, pou w te oblije tante. Men, lè lavi sa fini isiba, "Si tabènak sou tè a detwi, nou gen youn ki deja ap tann." Se la ke nou prale; sa se Pawòl la. Alòs nou ka gade dèyè epi wè sa n te fè. Kounye a nou pa konprann li. Nou pa janm vin Pawòl la; nou jis vin yon nonm ki fèt ak chè, pa Pawòl la.

69 Men, epi gade, sa montre klèman ke, ou p ap janm Pawòl la sof si w te yon panse nan kòmansman an. Sa pwouve predestinasyon Bondye. Ou wè? Ou pa kab Pawòl la sof si w te yon panse. Ou te dwe nan panse a, an premye. Men, ou wè, pou ka pase pa tantasyon, ou te oblije pase akote teyofani an. Ou te oblije desann isit la nan lachè, pou w te tante pa peche. Epi lè sa, si w reziste, "Tout sa ke Papa a ban mwen ap vini jwenn mwen, e m va resisite I nan dènne jou yo." Ou wè, ou te dwe vini dabò.

70 Epi answit, ou wè, Li desann tou dwat, liy regilye a, soti de atribi pou rive nan...Anvan fondasyon monn lan, yo mete non Li nan Liv Lavi Ayo a. Kidonk, apati de sa, Li vin Pawòl la, teyofani an, ki te kab parèt, epi disparèt. Apre sa, li te vin chè epi li te retounen ankò, li te resisite menm kò a nan yon kondisyon glorifye. Men, ou te evite teyofani an epi ou te vin yon moun ki fèt ak lachè, pou w te vin tante pa peche. Epi apre sa, "Si tabènak sou tè a detwi, nou gen youn ki deja ap tann." Nou poko gen kò sa yo.

71 Men, gade! Lè kò sa resevwa Lespri Bondye a, Lavi imòtèl ki anndan w lan, li met kò sa an soumisyon devan Bondye. Alelouya! "Moun ki ne nan Bondye pa fè peche; li pa ka peche." Women 8:1, "Se poutèt sa, kounye a, pa gen okenn kondanasyon pou moun ki nan Jezikri; yo pa mache dapre lachè, men dapre Lespri." Se sa I ye. Gade, sa mete kò w an soumisyon. Ou

pa bezwen di, “O, si m te jis sispans bwè! Si mwen te kab jis...” Jis antre nan Kris, epi tout bagay fini, wè, wè, paske kò ou soumèt a Lespri. Li pa soumèt a bagay ki nan mond lan ankò; yo mouri. Yo mouri; peche w yo antere nan batèm, epi ou se yon nouvo kreyasyon nan Kris la. E kò w, vin soumèt a Lespri, ap eseye mennen yon bon kalite vi.

72 Menm jan ak oumenm fanm k ap di ke w gen Sentespri a, epi k ap soti la ap mete bout pantalon ak lòt bagay, ki jan w ta ka fè sa? Ki jan Lespri Bondye a ki nan ou ta ka janm kite w fè yon bagay konsa? Li jis pa ka konsa. Sètènman, sa pa kab fèt. Li pa yon lespri souye; Li se yon Lespri Sen.

73 E answit lè w vin soumèt ou a Lespri sa, sa soumèt tout èt ou annantye a Lespri sa. Epi Lespri sa pa anyen nan monn nan, ke Semans Pawòl sa ki te manifeste, oswa ki te vivifye, alélouya, ki te rann vivan. Epi lè Bib la di: “Pa fè sa,” kò sa byen vit tounen a Li. Pa gen okenn kesyon. E kisa li ye? Se gaj rezirèksyon an. Kò sa pral resisite, paske li deja kòmanse. Yon fwa li te sijè a peche, ak labou ak kòripsyon, men kounye a li gen gaj li; li te vin Selès. Kounye a, sa se gaj ke w pral nan anlèvman an. Se gaj la.

74 Yon moun malad lonje la, k ap mouri, pa gen anyen k rete ke lanmò; se tout sa ki ka rive. Mwen te wè lonbraj moun, ke kansè ak tibèkiloz te fin manje; epi m te wè menm moun sa yo, yon ti tan apre sa, pafètman nòmal e byen fò. Si pa gen gerizon divin, alòs pa gen okenn rezirèksyon, paske gerizon divin se gaj rezirèksyon an. Amèn!

75 Ou konnen kisa gaj lajan ye, eske w konnen? Se yon avalwa. “Li te blese pou peche nou yo; ak blesi li yo, nou geri.” Remake jan sa mèveye! Nou renmen L.

76 Kounye a, kò sa soumèt a Lespri. Li poko antre nan fòm Pawòl la, men nou toujou nan fòm chè a, men li soumèt a Pawòl la. Lanmò nan chè a pral mennen nou laba.

77 Se jis menm bagay la tou, panse a yon ti bebe. Ou ka pran yon fi, kèlkeswa jan l mechan, lè l ansent epi li pa lwen pou l akouche. Obsève, anvan tibebe sa a fèt, pe enpòt jan fi sa mechan, li vin janti. Gen yon bagay nan li ki sonnen... sanble ki sot nan Bondye, pou wè yon ti manman ki sou pwen akouche, tibebe a. Pouki se konsa? Ti kò sa a, kounye a, li poko pran vi, wè, sèl bagay li ye se jis vyann ak misk. Ti sote sa a, se jis misk k ap brannen. Men, lè li sot nan matris la, Bondye soufle souf lavi a nan li, alò, li pouse yon kri. Ou wè, menm jan—osi vrè ke gen yon kò natirèl k ap fòme, gen yon kò espiritiyèl pou resevwa li menm moman li rive isit la.

78 Kidonk, lè yon moun ne denouvo, soti nan Syèl la, li vin tounen yon lespri ti bebe nan Kris.

Epi, answit, lè anvlòp chè sa tonbe, gen yon kò natirèl, teyofani, yon kò ki pa fèt ak men, ni soti nan yon fi, kote nou ale.

Answit kò sa a retounen pou pran kò glorifye a.

Se rezon ki fè Jezi t al nan lanfè lè li te mouri, epi li te preche nanm ki te nan prizon yo; Li te retounen nan teyofani sa a. O, mèveye! Mèsi Bondye!

79 De Korentyen 5:1, "Si kò terès sa a disparèt, tabènak terès sa a, nou gen yon lòt." Ou wè, nou te pase akote sa a, pou soti dirèk de Bondye, atribi a; pou vin lachè, pou vin tante epi teste pa peche, tankou Adan. Men, lè tès Pawòl Li a fini, alò, nou pral retrouve kò sa a ki te prepare pou nou anvan fondasyon mond lan. La se Pawòl la nou te sote, pou vin dirèk akote, desann la pou tante epi teste. Si nou te vini pa mwayen sa, pa t ap gen okenn tantasyon; nou t ap konn tout bagay. Se pou rezon sa Jezi te konn tout bagay, poutèt Li te Pawòl anvan Li te vin chè. Apresa nou vin Pawòl la.

80 La nou fòme dapre imaj Pawòl la, pou vin yon patisipan Pawòl la, manje nan Pawòl la, epi vin predestine depi kòmansman an. Ou wè ti etensèl Lavi sa ou te genyen nan ou depi kòmansman an, lè w te kòmanse vwayaj ou a? Anpil nan nou ka sonje sa. Ou te mache nan legliz *sesi* epi ou te mache nan legliz *se/a*, ou te eseye *sesi* ak *se/a*; anyen pa t satisfè. Se vre. Men, yon jou ou te jis rekonèt Sa. Egzak.

81 Jou swa pase a mwen t ap anseye yon kote, mwen panse se te nan Kalifòni oswa Arizona, sou... Mwen kwè m te rakonte ti istwa sa isit la, de nonm lan ki mete yon manman poul epi li te gen ze yon èg anba l. E lè èg sa a te kale, li te zwazo ki pi etranj ke poul yo te janm wè. Kidonk, li t ap mache ozalantou. Li te—li te pi lèd nan mitan yo, paske li jis pa t kapab konprann ki jan poul sa t ap kòdase epi grate sou pil fimye sa a pou manje. Li pa t ka konprann lide a. Li t ap di, "Vini non pou selebre, cheri!" Men li—li te yon èg; li jis pa t konn manje konsa. Se pa t manje pa l.

82 Se konsa li te konn trape krikèt ak lòt bagay, ou konnen, pou ap rele ti poul yo. E tout ti poul sa yo te konn ale ansanm, kòdase ansanm, epi manje. Men, ti èg la jis pa t ka fè sa. Sa pa t—pa t parèt byen pou li.

Se konsa yon jou mami li te vin chèche l.

83 E li te tandè poul sa ap kòdase. Li te fè tout sa l kapab pou l kòdase, men li pa t kapab fè sa. Li te eseye pale tankou yon poul, men li pa t ka fè l. Ou wè, li te yon èg. Pou kòmanse, li te yon èg. Li te jis kale anba yon poul.

Se tankou kèk manm legliz. Chak...Se konsa sa ye; konsènan youn ki soti nan anbyans lan, se vre.

84 Men yon jou manman I te vole, li te pouse yon kri. Li

te rekonèt li. Sa te sonnen byen. Poukisa? Li te yon èg, pou kòmanse.

Se konsa sa ye ak Levanjil la, oswa Pawòl la, oswa Pwisans Jezikri a. Lè yon moun te predestine pou Lavi Etènèl, li tandè vrè son sa a, kri Bondye a, anyen pa ka elwaye I de Sa.

Legliz la ka di, "Jou mirak yo pase," klòk, klòk, klòk. "Kanpe isit la epi manje *sesi*, epi kanpe isit la epi manje *sela*."

85 Bagay nan baskou sa a p ap mache pou li ankò. Li pati! "Tout bagay posib!" Li te dekole kite tè a.

Se poutèt sa, pwoblèm ak anpil kretyen jodi a, yo pa ka dekole pye yo kite tè a.

Vye manman an di: "Pitit, sote! Ou se yon èg. Vin isit la kote m ye a."

Li te di, "Manman, mwen pa janm sote, nan vi m."

86 Li te di, "Ebyen, sote! Ou se yon èg, pou kòmanse. Ou pa yon poul." Se konsa li te fè premye so li epi bat zèl li; pa t fè I twò byen, men li te dekole kite tè a.

Se konsa nou fè. Nou aksepte Bondye pa lafwa, ak Pawòl ekri a. Gen yon bagay ladan I; se Lavi Etènèl sa a. Ou te predestine pou li.

87 Granpapa li ak grann li te èg. Li te yon èg, remonte byen lwen. Èg pa melanje ak lòt bagay. Li pa yon ibrid ditou, li se yon èg.

88 Apresa, apre ou te rekonèt Pawòl Bondye a se te Nouriti èg la menm, alò ou te kite lòt bagay la. Ou te fòme dapre imaj vivan Bondye vivan an. Ou te tandè apati de teyofani ou. "Si kò terès sa a ta disparèt, nou gen youn k ap tann."

Ou di: "Èske se vre, Frè Branham?"

Oke, ann pran kèk èg pou analize yo pandan kèk

minit. Te gen yon non, yon nonm yo te rele Moyiz. Tout moun konnen yo rele yon pwofèt èg la, nan Bib la.

89 Te gen yon pwofèt yo te rele Moyiz. E yon jou Bondye te rele I, e pa t vle kite I travèse nan peyi a, e li-li te mouri sou yon Wòch. Zanj yo te ale avè I epi te antere I.

Te gen yon lòt nonm, yon èg, pa t menm konn lanmò. Li te jis travèse larivyè Jouden an, e Bondye te voye yon charyo desann, e wòb lachè sa a li te tonbe, e li te monte pou pran rekonpans etènèl la.

Uisan lane apre, uisan lane apre, sou Mòn Transfigirasyon an, de mesye sa yo te kanpe la. Kò Moyiz te pouri pandan dè santèn dane, men la li te nan yon tèl fòm ke menm Pyè, Jak ak Jan te rekonèt li. Amèn! "Si tabènak terès sa ta disparèt," si ou se yon atribi Bondye eksprime isit la sou tè a, "ou gen yon kò k ap tann apre ou fin kite mond sa a." Yo te laba a, debou sou Mòn Transfigirasyon an, nan teyofani yo. Paske yo te pwofèt ke Pawòl la t al jwenn.

90 Epi tou ann remake yon lòt pwofèt, yon fwa, ki rele

Samyèl. Li te yon gran pèsonaj. Li te anseye pèp Izrayèl la; te di yo yo pa t oblije gen yon wa. Li te di, "Èske mwen janm di nou yon bagay nan Non Senyè a ki pa rive?"

Yo te di: "Non. Tout sa ou te toujou di nan Non Seyè a rive."

Li te yon pwofèt, li mouri.

91 Anviwon twa oswa katran apre, wa a te gen pwoblèm; se te ye anvan san Jezikri te janm koule. Li te nan paradi. Epi yon sòsyè nan Enndò te rele yon moun pou l vin konsole Sayil. Epi lè sòsyè a wè l kanpe, li te di: "Mwen wè dye ap leve soti nan tè a."

92 Epi apre nonm lan fin mouri, antere epi pouri nan tonb, li te kanpe la nan gwòt sa a, ak rad pwofèt li sou li, e li te toujou yon pwofèt. Amèn. Paske li te di: "Poukisa w rele m soti nan repo mwen, mwen wè ou vin tounen yon ènmi Bondye? Obsève li te pwofetize. "Demen swa, nan lè sa a, ou pral avè m." Li te toujou yon pwofèt, menmsi li te kite kò sa a.

Ou wè, li te vin isit la e li te fè pati de Pawòl sa a, e li te antre soti nan lavi lachè a tounen nan kò a ki te prepare pou li anvan fondasyon mond lan. Li te antre nan teyofani a, ki te Pawòl la. Ou konprann li? Se la tout kwayan yo ale lè nou kite isit la.

93 Apresa, sou fòm sa a, alò vwal la leve. Ou wè, ou se Pawòl la, tou, lè w antre la. Tankou yon tibebe; jan mwen te di talè a...

94 Kounye a remake. Louwanj pou Bondye pou ouvèti So sa yo, se lapriyè mwen, pou w konnen bagay sa yo!

95 Kounye a, vrè revelasyon Mèlkisedèk la parèt. Se kisa? Li te Bondye, Pawòl la, anvan li te vin lachè; Bondye, Pawòl la. Paske, Li te oblije sa; pèsonn pa t ka imòtèl tankou Li. Ou wè, mwen te gen papa ak manman; ou menm tou. Jezi te gen papa ak manman. "Men Nonm sa

a pa t gen ni papa, ni manman." Jezi te gen yon tan li te kòmanse; Nonm sa a pa t genyen. Jezi te bay Vi Li; Nonm sa a pa t kapab, paske Li te Lavi. Epi Li se egzakteman menm Nonm nan tout tan. Mwen espere ke Bondye revele w li. Egzateman menm Moun lan, tout tan.

96 Remake tit Li a, "Wa lajistis". Kounye a, Ebre 7:2, "Wa lajistis, ak Wa lapè." Li se de wa. Kounye a, obsève, Ebre 7:2, "Wa lajistis, Wa lapè tou." Li se de wa laba a. Kounye a, depi Li te vin nan lachè epi Li te resevwa kò Li a, nan Apokalips 21:16, yo rele Li, "Wa dè wa". Li se toulètwa, ansanm. Ou wè, Wa Bondye, Wa Teyofani, Wa Jezi. "Li se Wa dè wa."

Yo tout rankontre, jis tankou nanm, kò, ak lespri, tout vin fè yon sèl.

97 Epitou, li se Pè, ki te premye a; Fis; ak Sentespri, Lespri a.

"Wa lajistis," atribi Lespri a; teyofani, "Wa la—lapè," teyofani; epi nan lachè Li te "Wa dè wa," menm Moun lan.

98 Lè teyofani a, Moyiz te wè L, Egzòd 33:2, li te yon

teyofani. Moyiz te vle wè Bondye. Li te tandè vwa Li, tandè Li pale avè l, li te wè L nan yon ti touf bwa laba a, tankou yon gwo Kolòn dife. Epi li te di, "Ki Moun ou ye? Mwen vle konnen ki Moun ou ye." Moyiz te di. "Mwen pral mete..." "Si W pral kite m wè Ou, mwen ta renmen wè fas Ou."

99 Li te di: "Pèsonn pa ka wè fas Mwen." Li te di: "Mwen pral mete men M sou je w, epi Mwen pral pase. Epi ou ka wè do Mwen, men pa Fas Mwen." Ou wè? Epi lè Li te fè sa, se te do yon Nonm; se te yon teyofani. Apresa Pawòl ki te vin jwenn Moyiz la, "MWEN SE," se te Pawòl la. Pawòl la te vin jwenn Moyiz nan fòm yon Kolòn dife nan yon touf bwa anflame, "MWEN SE."

100 Tankou Pawòl ki soti nan teyoloji a, ki soti nan teyofani a, pito, eskize m, Li te vin jwenn Abraham tankou yon nonm, anba pye bwadchenn lan. Kounye a gade byen. Yon nonm pwoche bò kot Abraham, twa ladan yo, epi t ap repoze anba yon pye bwadchenn, twa ladan yo. Epi remake, apre L te fin pale a Abraham...

101 Poukisa li te vini? Abraham, antanke moun ki gen pwomès ak mesaj Pitit Gason k ap vini an, epitou li te Pawòl-pwofèt Bondye a ki te kwè Pawòl Bondye a, li te rele nenpòt bagay ki kontrè kòm si li pa t egziste. Ou wè kijan Pawòl la pafè? Pawòl la te vin jwenn pwofèt la. Ou wè, Bondye te la nan yon teyofani. Epi Bib la te di: "Pawòl la vin jwenn pwofèt la." Epi Pawòl la te isit la nan teyofani a.

Kounye a, ou di, "Se te Bondye?"

102 Abraham di se te sa. Li te di Non li te... li te rele Li Elohim. Bon, nan Jenèz 1, ou jwenn, "Nan kòmansman an, *Elohim* te kreye syèl la ak latè." Nan Jenèz 18, nou jwenn ke—ke Abraham te rele Moun sa a ki te chita la epi ki te pale avè l la, epi te kapab di l sekrè kè li, di l kisa Sara t ap panse dèyè do L, Abraham te di: "Li se Elohim." Li te nan yon fòm teyofani . Ou konprann sa? Remake aprè...

103 Kounye a, nou dekouvri ke lè sa a Li te nan fòm teyofani a. Li te rele L, "Seyè Bondye, Elohim." Bon, nan Jenèz 18, nou jwenn ke se vre.

104 Kounye a, remake, Abraham... Te gen twa nan yo ansanm, men Lè Abraham rankontre toulètwa, li te di: "Seyè mwen."

Men, lè Lòt, anba nan Sodòm; de nan yo te desann laba a, Lòt wè de nan yo ki t ap vini, li te di "Seyè mwen yo.". Ou wè, kisa ki pwoblèm nan? Premyèman, Lot pa t yon pwofèt, se vre, non plis li pa t mesaje tan an, kidonk li pa t gen okenn revelasyon de Li. Se egzakteman sa. Lòt te kapab rele yo "seyè yo." Yon douzèn nan yo, li te kapab toujou di, "seyè yo."

Men kèlkeswa kantite Abraham te wè a, Li te toujou yon sèl Seyè. La se Bondye. Se te Mèlkisedèk la.

105 Remake, apre batay la te fini, Mèlkisedèk te sèvi pitit viktorye Li a kominyon; panse a sa, yon pati nan Limenm! Bon nou vle wè l la. Men ni an tip, aklè, kominyon an. Apre batay la, Li te bay yon pati de Limenm, paske kominyon an se yon pati nan Kris. Epi apre lit la fini, apre ou te fin pran baton, alò se lè sa ou patisipe nan Kris, vin yon pati de Èt sa a. Ou sezi li?

106 Jakòb te lite tout nwit lan, e li pa t ap lage Li jiskaske Li te beni l. Se vre. Batay pou lavi! Epi apre batay la fini, apres, Bondye ba w yon pati de Limenm. Sa se vrè kominyon L lan. Ti pen ak losti a jis reprezante L. Ou ta dwe pran l sèlman si w te lite epi te vin yon pati de Bondye.

107 Sonje byen, nan moman sa a, kominyon an pa t janm etabli, pa jouk anvan lanmò Jezikri, dè santèn e dè santèn e dè santèn dane aprè.

108 Men Mèlkisedèk, apre pitit Li Abraham te genyen viktwa a, Mèlkisedèk vin rankontre li pou ba li diven ak pen, pou montre ke apre batay terès sa a fini, nou pral rankontre L nan syèl la pou pran kominyon ankò. Se pral Soupe Nòs la. "Mwen p ap bwè diven sa ankò, ni manje fwi sa, jiskaske mwen va manje l epi bwè l avèk ou, anouvo, nan Wayòm Papa Mwen." Eske se vre?

109 Remake ankò, Mèlkisedèk t al rankontre Abraham anvan l te retounen lakay li. Ala yon bèl tip nou genyen isit la! Mèlkisedèk te rankontre Abraham anvan l te retounen lakay li, apre batay la.

Nou rankontre Jezi nan lèzè, anvan nou rive Lakay. Se vre. 2 Tesalonisyen di nou sa, paske, "nou rankontre Li nan lèzè". Yon bèl tip Rebeka ki te rankontre Izarak nan chan an, nan frechè jounen an. "Nou rankontre Li nan lèzè." 2 Tesalonisyen di nou sa. "Paske nou menm ki vivan e ki rete yo nou pap anpeche oswa deranje moun k ap dòmi yo; paske twonpèt Bondye a pral sonnen; moun ki mouri nan Kris yo va resisite an premye; nou menm ki vivan e ki rete yo n ap anlve ansanm ak yo, pou rankontre Seyè a nan lèzè." Pafè, tout tip sa yo.

110 Se poutèt sa, teyofani an, si w te mouri epi antre nan teyofani sa a, (sa k ap pase?) teyofani an vin sou tè a pou l rekipire kò rachte a. E si w isit la nan lèzè, ou pran kò a pou al rankontre teyofani an, men li, "epi anlve, epi al rankontre Seyè a nan lèzè."

111 Kiyès Mèlkisedèk sa a ye sinon Bondye?

112 Kounye a nou wè klèman sekrè vi nou konplètman nan vwayaj, ak lanmò, ak kote nou prale apre nou mouri. Epiou, predestinasyon ekspoze klèman la. Kounye a koute pandan n ap anseye sa a, atantivman.

113 Etap yo nan—nan objektif Etènèl Li te genyen nan sekrè pa L te revele la. Remake, gen toujou twa etap nan pèfeksyon. Jis tankou Li rachte mond lan, menm jan Li rachte Legliz Li, Li rachte moun yo, nan twa etap. Kounye a gade. Premye a se jistikasyon, tankou Luther te preche; dezyèmman, sanktifikasyon, tankou Wesley te preche; twazyèm, batèm Sentespri a. Se vre. Apresa Anlèman an vini!

114 Kounye a, pou mond lan, kijan L te rachte mond lan? Premyèman, kisa L te fè, lè li te peche, Li te lave l nan batèm dlo. Se vre. Answit, Li vèse San L sou li, sou kwa a, epi Li sanktifye l pou L te rele l Pwòp Posesyon pa L. Answit kisa L fè? Pandan L t ap depatcha tout mond lan soti nan ou, pou renouvle tout bagay la ak batèm dife Sentespri a, L ap renouvle mond lan tou. Epi yo pral boule l nèt ak dife, pou netwaye tout jèm, plizyè milyon kilomèt de wotè, tout bagay pral netwaye. E apres a gen yon Nouvo Syèl ak yon Nouvèl Tè, menm jan ou se yon nouvèl kreyati nan JeziKri lè Sentespri a met men sou ou. Ou wè, men li, tout bagay la jis osi klè ke posib. Tout bagay an twa etap.

115 Nesans natirèl la se an twa. Kisa ki premye bagay ki rive lè yon moun pral gen yon tibebe? Kisa ki rive an premye? Dlo. Kisa ki vin apre? San. Kisa ki pwochen pwosesis la? Lavi. Dlo, san, lespri.

Kisa ki rive plant lan? Pouri. Kisa ki premye bagay la? Tij. Kisa ki vin apre? bal la. Kisa ki vin apre? Pay. Answit gren an, wè, ki soti nan sa. Jis twa etap li yo, jiskaske li tounen nan gren an. Se egzakteman sa.

116 Bondye pwouve sa. Sa te toujou egzak. Bondye pwouve ke se vre. Montre klèman, se sèlman predestine a ki konsidere nan redanmsyon. Ou te sezi sa? Kite m di sa ankò. Se sèlman predestine a ki konsidere nan redanmsyon. Moun ta ka fè sanblan, panse yo rachte, men redanmsyon reyèl la se sa ki predestine yo. Paske menm mo *rachte* a vle di "mennen tounen." Eske se vre? *Rachte* se yon bagay... Pou *rachte* kwakseswa, se, "mennen l tounen nan plas orijinal li". Alelouya! Alò se sèlman predestine yo yo pral mennen tounen, paske lòt yo pa t soti ladan l. Ou wè, "mennen tounen!"

117 Vin Etènèl avèk Li, nan kòmansman...Lavi Etènèl sa

w te genyen an, panse Li de sa ou te ye, sèlman, Li te vle w...Li te vle m kanpe dèyè chè a, dizon. Li te vle w chita sou chèz la aswè a. Alò n ap sèvi objektif Etènèl Li. Epi sa ki te kite lakay li, sèlman vin sou tè a pou sèvi objektif Li. Eske se vre? Trè byen. La. apre sa te fini, sa te retounen nan yon eta glorifye; sa te vin a matirite epi retounen ankò.

118 Se pa etonan Pòl te ka di, lè yo t ap konstwi yon blòk kote yo ta pral koupe tèt li; li te di: ``O lanmò, kote pikan w lan? O tonb, kote viktwa w la? Men granmesi Bondye Ki ba nou laviktwa! "Li di": "Lanmò, di m ki bò ou ka fè m rele! Tonb, di m ki jan w pral fè kenbe m! Paske, mwen posede Lavi Etènèl." Amèn! Li te rekonèt sa. Lanmò, lanfè, tonb, anyen pat ka kenbe l. E anyen pa ka fè nou mal, nou gen Lavi Etènèl! Li te reyalize li te beni ak Lavi Etènèl.

119 Menm jan ak yon ti gout lawouze. Si mwen konprann, se... mwen pa konnen twòp bagay sou chimi. Men, sa dwe ke se—se refwadisman imidite a oswa atmosfè a. Epi lè lannwit lan vin frèt epi fè nwa, li tonbe sot nan syèl la, li tonbe atè. Li tonbe soti yon kote. Men nan denmen maten anvan solèy la leve, li blayi la, ti kanmarad la, ap tranble. Men jis kite solèy la leve, gade l ki klere. Li kontan. Poukisa? Solèy la pral rele l tounen drèt kote li soti a.

E se konsa ak yon Kretyen. Alelouya! Nou konnen lè nou antre nan Prezans Bondye, yon bagay nan nou di nou ke nou soti yon kote, epi nou pral tounen ankò pa Pwisans sa a ki rale nou an.

120 Ti gout lawouze a, li klere, li briye e li rele, paske li konnen li soti anwo a, e solèy sa a pral rale l ankò.

Epi yon nonm ki se yon atribi Bondye, ki fèt nan Bondye, konnen, alelouya, lè li vin an kontak ak Pitit Gason Bondye a, li pral soti isit la yon jou. "Paske, si yo leve m sou tè a, m ap atire tout moun vin jwenn Mwen." Amèn!

121 Kounye a, remake, kounye a nou wè Mèlkisedèk e poukisa Mari pa t manman L. Se rezon ki fè li te rele li "fanm," pa *manman*. "Li pa t gen papa," paske Li te Papa a, Papa etènèl la, twa nan yon sèl la. "Li pat gen okenn manman," sètènman pa. Li pa t gen papa, paske Li te Papa a. Kòm powèt la te di yon fwa, li te adrese yon gwo konpliman bay Jezi, li te di:

MWEN SE Sila ki te pale ak Moyiz nan yon ti touf bwa Dife,

MWEN SE Bondye Abraham lan, Etwal ki klere nan Maten an.

MWEN SE Alfa, Omega, kòmansman ak lafen an.

MWEN SE tout kreyasyon an, e Jezi se Non an. (Se vre.)

O, kiyès ou di Mwen ye, e ki kote yo di mwen soti?

Èske w konnen Papa M, oswa èske w ka di Non Li? (Aleluia!)

122 Se Non Papa a! Wi, "Mwen vini nan Non Papa M, epi nou pa resevwa M." Ou wè? Sèten, Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

123 Epi Mèlkisedèk sa a te vin fè L chè. Li te revele Tèt Li kòm Fis de lòm lè Li te vini, kòm yon Pwofèt. Li te vini sou twa non yon Pitit Gason: Fis de lòm lan, Fis de Dye a, Fis de David la.

124 Lè li te isit la sou tè a, li te yon Nonm, pou akonpli Lekriti. Moyiz te di: "Seyè a, Bondye nou an, pral sisite yon Pwofèt ki sanble avè m." Kifè Li te oblije vini kòm yon Pwofèt. Li pa t, janm di: "Mwen se Fis de Dye a." Li di: "Mwen se Fis de lòm lan. Èske w kwè Fis de lòm lan?" Paske, se de sa Li te oblije temwaye, paske se sa Li te ye.

Kounye a Li vini sou Non yon lòt Fis la: Fis de Dye a, envizib la, Lespri a.

E lè Li tounen ankò, Li se Fis de David la pou l chita sou twòn Li a.

125 Kounye a, lè Li te isit la e Li te fè chè, yo te rele L "Fis de lòm lan". Kounye a, ki jan Li te fè konnen Li nan mond lan kòm Fis de lòm, Pwofèt la?

126 Yon jou m t ap rakonte istwa Pyè ak Andre, frè l. Yo te pechè, e Jonas papa yo te yon ansyen gran kwayan. Yon jou yo te di li te chita sou bò kannòt la. Li di: "Pitit gason, nou konnen

ki jan nou te priye lè nou te bezwen pwason.” Yo te pechè komèsyal. Li di: “Nou te fè Bondye konfyans, Jewova, pou nou viv. E mwen vin granmoun kounye a; Mwen pa ka rete avèk nou anpil ankò ti mesye. E mwen te toujou, menm jan ak tout vrè kwayan yo, ap tann lè Mesi sa a ap vini. Nou te gen tout kalite fo, men gen yon vrè Youn k ap vini, yon jou.” Epi li di: “Lè Mesi sa a va vini, mwen pa vle pou nou sedwi, ti mesye. Mesi sa a pa pral jis yon teyolojyen. Li pral yon Pwofèt, paske pwofèt nou an Moyiz, ke n ap suiv la, di li.”

Bon nenpòt Jwif pral kwè nan pwofèt li a. Yo aprann li konnen sa. E si pwofèt la di yon bagay ki sa, alò se laverite. Men Bondye di: “Si gen yon moun nan mitan nou, yon moun ki gen lespri oswa yon pwofèt, Mwen menm Seyè a, M ap fè l konnen Mwen. Epi si sa li di a rive, alò koute l, epi gen krentif pou li; men si li pa rive, nou pa bezwen pè l ditou.” Ou wè? Kidonk, se te konfimasyon pwofèt la.

127 “Kidonk Moyiz te vrèman yon pwofèt konfime, epi li di: ‘Seyè a, Bondye nou an, pral fè yon Pwofèt leve tankou m pami frè nou yo. E tout moun ki pa vle koute L yo pral disparèt nan mitan pèp la.’” Li di: “Koulye a, timoun yo, sonje ke, antanke Ebre, nou kwè nan pwofèt Bondye yo ki konfime yo.”

Koulye a koute byen. Pa rate sa. Epi li di: “Lè Mesi a vini, n ap konnen L, paske L ap yon Mesi pwofèt. Kounye a, yo te di ke sa fè katsan lane. Nou poko gen yon pwofèt depi Malachi, men Li pral youn.

128 Yon jou, apre lanmò li, kèk ane, pitit gason l Andre t ap flannen sou rivaj la. Epi li tande yon nonm sovaj ki te soti nan dezè a ki t ap di: “Mesi sa a kanpe nan mitan nou kounye a.” Gwo èg sa a ki te leve nan dezè a e ki te vole laba a, te di: “Mesi a nan mitan nou kounye a. Nou poko konnen Li, men Li kanpe nan mitan nou. M ap konnen L, paske m ap wè yon siy k ap soti nan syèl la.”

Yon jou, li di: "Men Ayo Bondye a ki wete peche monn lan!"

Nonm sa a te ale pou l jwenn frè l. Li di: Simon, mwen vle ou vin isit la. nou fini pa jwenn Mesi a.”

"O, kontinye, Andre! Ou konnen pi byen pase sa!"

"O, mwen konnen. Men, sa, Nonm sa a diferan."

"Ki kote Li ye? Ki kote Li ta gen pou L soti?"

"Jezi moun Nazarèt."

"Ti vil mechan sa a? Ebyen, Li pa t kapab soti nan yon kote mechan, sal konsa a."

"Jis vin wè."

129 Finalman li konvenk li pou l desann yon jou. Kifè lè li te vini devan Mesi sa a, Jezi te kanpe la, ap pale ak pèp la. Lè li pwoche devan Li, Li di: "Ou rele Simon, epi ou se pitit Jonas." Se te fini. Li te resevwa kle Wayòm nan. Poukisa? Li te konnen Nonm sa a pa t konnen l. Epi ki jan Li te fè konnen l, e ansyen papa sen sa ki te anseye l pou l kwè nan Mesi a?

130 Te gen yon nonm ki te kanpe la, yo te rele Filip. O, li te vrèman eksite! Li te konnen yon lòt gason, li te etidye Labib avè l. Li ale, li fè wonn ti mòn lan, li jwenn Li nan pye oliv li a. Li te ajenou, li t ap priye. Yo te gen anpil leson bibliik ansanm. Se konsa, li soti la epi li di, apre li fin priye, li di, "Vini non, gade ki moun nou jwenn; Jezi moun Nazarèt, pitit gason Jozèf la. Li se Mesi n ap chèche a."

Koulye a, mwen ka tandè Natanayèl di: "Koulye a, Filip, ou pa fè move chimen, pa vre?"

131 "O, non. Non. Koulye a, kite m di ou. Ou konnen, nou t ap etidye Labib ansanm, e kisa pwofèt la te di Mesi a t ap ye?"

"Li ta yon pwofèt."

"Ou sonje ansyen pechè sa a ou te achte pwason an, ki pa te gen ase edikasyon pou siyen non li, yo rele Simon?"

"Wi. Uh-huh."

132 "Li moute. Epi ou konnen kisa? Jezi, moun Nazarèt sa a, te di li ke li rele Simon, Li chanje non li an Pyè, ki se ti wòch, Li di l kiyès papa l ye."

"Oke," li te di—li te di: "Mwen pa konnen. Èske yon bagay bon ta ka soti nan Nazarèt?"

133 Li di: "Ann pa pale sou sa; jis vini epi wè." Sa se yon bon lide, "Vini wè."

Se konsa, men Filip, k ap mennen Natanayèl. Epi lè l te monte, Jezi te gendwa kanpe, L ap pale, L ap priye pou malad yo nan liy lapriyè a. Epi lè li rive kote Jezi te ye a, Jezi gade l, Li di: "Men yon Izrayelit ki pa gen riz."

134 Kounye a, ou di: "Ebyen, se te fason li te abiye an." O, non. Tout moun ki sot nan lès yo abiye menm jan. Li te kapab yon Siryen, oswa nenpòt lòt bagay; yon bab, yon rad.

135 Li di: "Men yon Izrayelit ki pa gen riz," sinon, "yon nonm onèt, sensè."

Bon, sa on jan te degonfle Natanael. Epi li di: "Rabbi," ki vle di "Mèt." "Rabbi, kilè Ou te janm konnen mwen? Ki jan Ou te fè konnen mwen te yon Jwif? Ki jan Ou te fè konnen mwen te onèt, pa gen riz?"

136 Li te di: "Avan Filip te rele w, lè w te anba pye bwa a, Mwen te wè w." Uh! Ven kilomèt distans, lòt bò peyi a, jou anvan an.

Kisa li te di? "Rabbi, ou se Pitit Bondye a. Ou se Wa pèp Izrayèl la!"

137 Men, prèt sa yo te kanpe la, pedan, ki t ap monte kòlèt yo, yo te di: "Nonm sa a se Bèlzeboul, yon divinò".

Jezi di: "Mwen pral padonnen ou pou sa".

138 Kounye a, sonje, yo pa t janm di sa byen fò, men yo te di l nan kè yo. "Epi Li te disène panse yo." Se vre. Se sa Bib la di. Rele li *telepati* si ou vle, men Li—Li te disène panse yo.

139 Epi li di: "Mwen padone w pou sa. Men, yon jou Sentespri a pral vini epi fè menm bagay sa a," apre Li fin ale; "Pale yon mo kont li, yo p ap janm padonnen nan monn sa a oswa nan mond k ap vini an." Eske se vre? Kounye a, se te Juif.

Lè sa a, yon jou, Li te bezwen ale Samari.

140 Men, anvan nou te fè sa, nou te jwenn fi a, oswa, gason an—nonm lan, pandan li t ap pase nan pòtay ki rele Bèl la, ke li te geri. E Jezi te konnen kondisyon l, Li di l, "Pran kabann ou epi ale lakay ou." Epi li te fè sa, epi li te byen.

Lè sa a, nou jwenn, Jwif yo, kèk nan yo te resevwa Li. Gen kèk ki te kwè sa; kèk pa t kwè. Poukisa yo pa t kwè sa? Yo pa t òdone pou Lavi. Yo pa t fè pati atribi sa a.

141 Koulye a, sonje, yo te prèt ak gwo mesye. Epi Jezi... Panse ak teoloji ak prèt sa yo, mesye ou pa t ka jwenn yon defo nan lavi yo. Jezi te di: "Nou soti nan papa nou dyab la, epi se travay li yo nou fè." Li te di: "Si nou ta soti nan Bondye, nou ta kwè mwen; yo temwaye kiyès Mwen ye."

142 Kounye a, Bib la te di, "Jezi se menm lan yè, jodi a ak pou tout tan." Jezi te di: "Moun ki mete konfyans yo nan mwen, travay mwen fè yo, se pou yo fè tou." Se vre? Remake kounye a se te reyèl Melkisedec la.

143 Kounye a remake, ankò, te gen twa ras moun sèlman.

Ou te tandè m di mwen te yon segregasyonis. Se sa mwen ye. Tout kretyen se segregasyonis; pa segregasyon nan koulè, men segregasyon nan lespri. Koulè po yon nonm pa gen anyen pou wè ak li. Li se yon pitit Bondye pa nesans. Men, yon Kretyen, Bondye te di, "Separe M..." "Soti nan mitan yo..." elatriye. Li se yon segregasyonis, nan salte, ant sa ki byen ak sa ki mal.

144 Men, remake, yo te gen yon segregasyon lè sa a, yon segregasyon rasyal, ki te Samariten yo.

Epi gen sèlman twa ras moun sou tè a; si nou kwè nan Bib la; sa vle di moun Kam, Sèm ak Jafè yo. Se twa pitit gason Noe yo. Se la nou tout soti. Se vre. Sa fè nou tout tounen nan men Adan, sa ki fè nou tout frè. Men sa Bib la di: "Se avèk yon sèl san Bondye kreye tout nasyon". Nou tout se frè, atravè san an. Yon nonm koulè nwa ka bay yon blan yon transfizyon san, oswa vis vèsa. Nonm blan an ka bay Japonè an—an, nonm jòn, oswa Endyen an, nonm wouj la, oswa plis ankò, oswa yon Jafenit, oswa kèlkeswa sa l ye a, li te kapab ba li yon transfizyon san, paske nou tout se menm san an...Koulè po nou, kote nou te rete a, pa t gen anyen pou wè ak sa.

Men lè nou separe, se lè nou soti nan mond lan, tankou Li te fè pèp Izrayèl la soti kite peyi Lejip. Se lè sa a nou separe ak bagay ki sou latè.

145 Kounyeya, se te moun Kam, Sèm ak Jafè yo. Men si nou te gen tan kouri tounen nan jeneyaloji yo, ou ta ka wè Anglo Sakson an, kote li soti. Kounye a, se te Jwif la... Samariten an, ki te mwatye Jwif ak Moun lòt Nasyon yo, ki te marye ak Moun lòt Nasyon yo nan aksyon Balaam yo, ak Moab. Yo te Samariten. Te gen Jwif ak Moun lòt Nasyon yo.

Bon, nou menm Anglo Sakson pat gen anyen pou fè ak sa. Nou pa t kwè nan okenn Mesi, ni nan nenpòt lòt bagay. Nou pa t ap chèche youn. Yo te mennen nou apre.

Jezi te vin jwenn Moun pa L yo, e Moun pa L yo pat resevwa L. Epi Li di disip li yo: "Pa ale bò kote Moun lòt Nasyon yo, men pito ale bò kote mouton ki pèdi nan pèp Izrayèl la." E Li te ale sèlman bò kote mouton ki pèdi nan pèp Izrayèl la. Epi gade, Li te manifeste Tèt Li kòm Fis de lòm, devan Jwif yo. Yo te rejte L.

Kounye a, Samariten yo etan mwatye Jwif ak Moun lòt Nasyon yo, yo te kwè tou, e yo t ap chèche yon Mesi.

Nou pa t kwè. Nou te payen, ak matrak sou do nou, ap adore zidòl; Moun lòt Nasyon yo.

146 Men, yon jou, Sen Jan 4, Li te bezwen ale nan Samari, pandan Li te sou wout Li pou desann Jeriko. Men Li moute alantou Samari. E antan Li t ap moute la, Li te chita bò yon pui ki te nan yon vil yo rele Sika. Epi pui a, si ou te janm ale la, li fòme yon ti plas apeprè konsa. Epi gen yon sous dlo piblik la, kote yo tout vini. Epi medam yo vini nan maten, yo pran po dlo yo, yo mete l sou tèt yo, ak youn sou chak anch, epi yo mache avèk li jis drèt jan yo kapab, san yo pa janm jete yon gout; yo te pale youn ak lòt. Kifè, yo te konn vin la.

147 Kifè li te anviwon onz è nan jounen an. Kidonk Li te voye disip li yo nan vil la, pou yo al achte kèk pwovizyon, manje. E pandan yo te ale...

148 Te gen yon fanm ki te gen move renome, yon, nou ta rele li, jodi a, yon jenès, oswa yon pwostitye. Li te gen twòp mari. Konsa pandan Jezi te chita la, fanm sa a soti vè onz è. Ou wè, li pa t kapab vini ak jenn fi vyèj yo lè yo vini nan maten pou pran dlo pou al fè lesiv yo; li te oblije rete tann jiskaske yo tout... Yo pa t melanje tankou yo fè kounye a. Li te make. Kifè lè sa a, li soti pou pran ti gout dlo, konsa li jis pran vye chèn lan, li akroche bokit la, epi li te kòmanse lage l desann.

Li tande yon moun ki di: "Madanm, pote ti gout dlo pou Mwen." Koulye a, sonje, sa a se Mèlkisedèk. Sa a se Jezi, yè, Fis de lòm lan.

149 Epi li voye je l gade, li wè yon Jwif. Li di konsa: Mesye, li pa bon pou yon Jwif mande yon Samariten anyen. Mwen se yon fanm Samari, kifè Ou pale yon fason deplase. Ou pa ta dwe mande m yon bagay konsa. Nou pa gen relasyon youn ak lòt."

150 Li te di: "Men, si w te konnen ki Moun ki t ap pale avè w la, se ou ki t ap mande M bwè."

Li te di, "Ki jan Ou pral pran dlo a? Pui a byen fon, e Ou pa gen anyen pou w tire.

151 Li te di: "Dlo M bay la se Dlo Lavi, k ap jayi jouk nan Lavi Etènèl la."

Li te pale ak li jiskaske li te jwenn ki kondisyon li ye. Epi alò se... Gade sa Li te di l kounye a, "Al chache mari ou epi vin isit la."

Epi li di: "Mwen pa gen mari."

152 Li te di: "Ou di laverite, paske ou te gen senk, e sila ke w ap viv avè l kounye a li pa pou ou. Kifè, avèk sa a, ou di laverite."

Gade diferans ki genyen ant fanm sa a ak pakèt prèt sa yo. Li te konnen plis sou Bondye pase tout pakèt prèt sa yo ansanm.

153 Li di: "Mesye, mwen wè Ou se yon Pwofèt." Li di: "Nou pa gen youn depi katan lane. Kounye a, nou konnen Mesi a ap vini. E lè Mesi a vini, se sa Li pral fè." Se te siy Mesi a, paske Li te Fis de lòm lan. Li di: "Se sa Li pral fè lè Li vini. Ou dwe Pwofèt Li."

154 Li di: "Se Mwen menm." Okenn lòt moun pat ka di sa.

155 Li lage po dlo sa a, li kouri antre nan vil la, epi li di: "Vin wè yon Nonm ki di m sa m fè. Èske se pa Mesi sa a menm?"

Kounye a sonje, Li te pwomèt pou L fè menm bagay sa a nan fen kous Moun lòt Nasyon yo.

Jwif yo te gen kat mil ane pou yo chèche Mesi sa a, kat mil ane ansèyman ke Li t ap vini, ak sa L t ap fè lè L rive la, e yo pa t wè sa, oswa yo pa t rekonèt sa. Epi lè Li te revele Tèt Li nan tèm Bib la menm ke Li te di ke Li ta fè, lè Li te yon teofani epi apre li te vin fè L chè epi abite nan mitan yo, yo pa t wè sa, epi yo te rele zèv Li yo travay dyab la.

156 Bon, nou gen de mil ane ansèyman. Vini desann atravè Legliz Katolik Women an, apre apot yo. Answit nou desann atravè Katolik Women an, pou al nan Grèk la, elatriye, desann jouk nan laj Luther a, ak Wesley, ak kisa an plis, nèfsan òganizasyon diferan. Atravè tan an, yo te gen ansèyman tout laj sa yo.

Bon Li te pwomèt, jis anvan tan lafen an t ap vini, ke imaj Sodòm ak Gomò a t ap la ankò: "Kòm sa te ye nan epòk Sodòm lan, se konsa sa pral ye nan tan lafen an, lè Fis de lòm nan pral revele Tèt Li, ankò." [Pati vid sou kasèt la—Editè a.]

"Pou yon ti tan, mond lan p ap wè M ankò; epoutan, nou va wè M, paske Mwen," yon pwonon pèsònèl, "M ap avèk nou, menm nan nou, jiska konsomasyon an, lafendimonn lan. Mwen pral avèk nou." Li se menm lan ayè, jodi a ak pou tout tan. Ou wè?

157 Ou wè, *Samariten* an te, aktyèlman, nan prèch yè swa mwen an, se te Aga, ou wè, yon tip ki pervèti. *Jwif* la se te Sara, oswa se te Sarayit. Men, *Moun lòt Nasyon* yo se Mari, Semans Wayal la, Semans Wayal Abraram lan.

158 Kounye a sa te pwomèt ke nan dènye jou sa yo, ke, menm Bondye sa a, menm Kris sa a, tap tounen isi a epi revele Tèt Li kòm Fis de lòm.

Poukisa? Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. E si Li te ka kite Jwif sa yo pase, ak... pou ba yo siy Mesyanik sa a, epi apresa vin alafen ansèyman Moun lòt Nasyon yo pou kite yo jis antre sou baz teyoloji, Li t ap enjis. Li te dwe fè menm bagay la, paske Bib lan te di, nan trè-...Ebre 13:8: “Li se menm lan.”

E Li te pwomèt nan Malachi 4, ak tout Ekriti diferan yo, ke, dènye jou yo, legliz la tap chita jis egakteman tankou I ye jodi a, e mond lan tap sa.

159 Gade mond lan jodi a. Gade kondisyon Sodòm lan. Gade tranblemandtè nan diferan plas, ak bagay kap pase yo. Gade legliz lan ak gagòt li ladan I lan, de Babilòn. Gade mesaje an pou li, yon Oral Roberts ak yon Billy Graham.

G-r-a-h-a-m, premye fwa nou te janm gen yon mesaje, pou tout legliz yo, ke non li te janm fini an h-a-m, tankou Abraham. A-b-r-a-h-a-m se sèt lèt. G-r-a-h-a-m se sis lèt. Ki kote I ye? Pou mond lan. Sis se chif lòm. Lòm te kreye sou sizyèm jou an. Men sèt se chif Bondye.

160 Kounye a gade yo anba la a nan Sodòm. E men mesaje yo anba la a ap pale avè yo.

Men alò kote Semans wayal Abraham sa a? Kote siy yo, ke L te di? “Jan sa te ye nan jou Sodòm yo,” ke Bondye te desann epi te manifeste nan chè imen, epi te di kisa Sarah tap panse dèyè nan kè li, nan tant lan dèyè Li, dènye siy la anvan mond Moun lòt Nasyon yo te detwi pa dife. E Legliz la te gen dènye siy li anvan lemonn antye pral detwi, wayòm Moun lòt Nasyon sa a ki pou detwi pa dife ak kòlè Bondye. Èske nou kwè sa? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.]

161 Mèlkisedèk sa a se te lachè, te reprezante Tèt Li nan yon kò imen; epi apre pi ta Li te fèt chè. E kounye a, aswè a, Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Èske nou kwè li? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.]

162 Kimoun ki Mèlkisedèk sa a, alò, ki se menm lan ayè, jodi a... “Pat janm gen papa, pat janm gen manman; Li pat janm gen kòmansman jou, Li pat janm gen okenn fen lavi.” Epi L te rankontre Abraham, epi ki kalite siy Li te fè? Alò lè Li te fèt chè, Li te di sa tap repete ankò jis anvan tan lafen an. Èske nou kwè sa? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Mwen kwè l. [“Amèn.”]

Ann priye.

163 Chè Bondye, mwen kwè Lèzekriti, ke Ou te di Ou te “menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.” E sensèman menm jan an nan kè mwen, Seyè, mwen konnen ke yon bagay pare pou I rive. M pa ka strikteman idantifye l. M pè pou m di yon bagay, Seyè. Ou konnen kè sèvitè W.

164 E konbyen fwa, desann atravè laj la lè Ou te voye dè bagay, moun yo pat reyisi konprann li. Lòm ap louwe Bondye san rete pou sa L te fè, epi ap di ki gran bagay Li pral fè, men y ap iyore sa L ap fè. Se konsa l te ye atravè laj la. Poukisa legliz Women an pat reyisi wè Sen Patrick kòm pwofèt Bondye? Poukisa yo te touye Jàn Dak alòske li te yon—yon pwofetès, yo te boule l tankou yon sòsyè? Papa a, se toujou nan tan pase. Ou te kache l nan je saj ak pridan yo. Pa etonan Ou te di prèt sa yo: “Nou dekore tonm pwofèt yo, epi nou se sila a ki mete yo anndan la a.” Apre yo te fin ale, yo wè erè yo. Yo toujou pèsekite W, Seyè, nan kèlkeswa fòm Ou vini ladann lan.

165 M priye, aswè a, Bondye, jis on fwa ankò. Demen nou pwograme pou n...pou al Tucson. Lòt pati nan mond lan, lòt vil kote nou dwe preche. Men, Chè Bondye, te ka gen etranje isi a aswè a ki pat janm gen... Yo te tandè dè Pawòl ki te preche, men yo pat janm wè L manifeste.

Menm jan m te mande W nan kòmansman an. Lè disip sa yo, Cleopas ak zanmi l, ap vini sot Emmaus, tap mache sou longè wout lan, epi Ou te mache sot nan rak bwa an epi kòmanse pale avè yo, apre rezirèksyon an, te preche ba yo. Enben, Li te di: “Moun fou, ki lan nan kè. Èske nou pa konnen ke Kris te dwe soufri bagay sa yo, apresan antre nan Glwa Li?” Men yo pat janm rekonèt li toujou. Pandan tout jounen an yo te mache avè W, epi yo toujou pat konnen W. Men yon nwit...

Nwit vini, yo te fòse W antre. Lè yo te antre nan ti obèj lan epi te fenmen pòt yo, lè sa a Ou te fè yon bagay jis fason Ou te fè l anvan klouwe sou lakwa W lan, epi yo te rekonèt ke se te Kris resisite. Nan kèk moman Ou te dèyè rido yo epi W tale. Byen rapid yo kouri epi te di disip yo: “Seyè an resisite vrèman vre!”

166 Papa, Bondye, mwen kwè ke Ou toujou vivan. Mwen konnen Ou vivan. E Ou te pwouve l ban nou tèlman anpil fwa. Èske W te ka jis fè l yon fwa ankò pou nou, Seyè? Si nou te jwenn gras nan je W, kite sa rive yon fwa ankò. Mwen se sèvitè W; sila yo se sèvitè W anndan isi a. Seyè, tout sa m te di pa tap monte nan...Jis yon sèl pawòl nan men W tap pi plis pase sa m te di nan senk nwit sa yo, oswa senk mesaj. Sa tap plis, jis yon sèl pawòl nan men W. Èske W pap vle pale, Seyè, konsa moun yo te ka konnen ke m te di yo Laverite? Akòde l, Bondye. Mwen mande l nan Non Jezi, sa a yon fwa ankò. Amèn.

167 Kounye a, m pa konnen nou. M konn kèk moun. M konn ti gason sa a ki chita *isi a*. M konn Bill Dauch ki chita *la a* menm. M vle...Men Frè Blair, Rodney Cox. Li difisil pou wè deyò la a.

Sou bò sa a, nan moman kounye a menm m pa ka wè pèsòn, aktyèlman, ke m konnen.

168 Kounye a konbyen moun anndan isi a ki konnen ke m se yon etranje pou nou? Leve men nou anlè, konnen ke mwen pa konn anyen sou nou, leve men nou anlè sou toude bò yo.

Konbyen moun anndan isi a ki gen on bagay ki pa bon, oswa yon bagay ke nou konnen ke m pa konn anyen sou li? Èske nou ta ve leve men nou anlè.

Kounye a, sa tap totalman, absoliman totalman enposib pou mwen konn on bagay sou nou. Osinon, lè sa a, sa tap dwe sot nan kèk revelasyon de Lespri.

E kòm mwen te di nou pandan tout nwit sa yo, ak aswè a, ke Li pa mouri; Li isi a, epi L te pwomèt pou fè menm bagay la. E L te pwomèt ke tap gen yon tan ki tap vini nan dènye jou yo, selon Malachi 4 ak selon Sen Lik, ke Li tap parèt ankò nan fòm imen nan mitan pèp Li epi fè menm bagay yo, epi revele menm bagay la, menm siy Mesyanik lan. Konbyen moun ki konn sa, noumenm moun ki li Bib lan, ki konnen ke se Laverite? Di: “Amèn.” [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Tout dwe moun ki li Bib lan.

169 Kounye a, m konnen sa etranj pou moun yo jodi a, men se toujou Laverite. Se pou rezon sa a yo pat konn Jezi de Nazareth. Yo te konnen kredo legliz yo, men yo pat konnen Li. Men Li vini jis fason Bib lan te di a; pa yon teyolojyen, pa yon prèt. Li vini kòm yon Pwofèt, e Pwòp Pa L yo pat resevwa L.

170 Kounye a, si Bondye ap kenbe Pawòl Li, e si mwen rive...sa rive tonbe sou yon moun ke m konnen, alò m ap—m ap pran yon lòt moun. Ou wè, m vle yon moun ke m pa konnen. E m vle pou nou priye.

171 Bon, gade te gen yon ti madanm yon fwa ki te gen yon enfimite. Li te depanse lajan li nan dotkè yo; yo pat ka fè l okenn byen. Epi l te di nan kè l: “Si m ka manyen rad Mesye sa a, m ap vin byen.” Nou sonje istwa an? Epi kidonk yo tout te eseye fè l rete dèyè, men li te pèsevere jiskaske li te manyen rad Li, epi li te retounen al chita.

172 Kounye a koute byen. Epi lè L te fè sa, lè l te fè sa, Jezi te vire tounen epi te di: “Kimoun ki manyen M?”

173 Enben, Pyè apot lan te fè L repwòch. Li ka te di yon bagay tankou: “Seyè, pa di on bagay kon sa. Moun yo ap kwè gen yon bagay ki pa bon avè W. Paske, lè W te mande yo pou manje chè W epi bwè San W, yo deja panse gen yon bagay ki pa bon. Epi W di: ‘Kimoun ki manyen M?’ Enben, tout foul la ap manyen W.”

174 Li te di: “Wi, men Mwen santi ke vèti te soti nan Mwen.” Se te yon kalite manyen diferan. Bon, nenpòt moun konnen ke vèti se “fòs.” “M te vin fèb; vèti te kite M.”

Epi L te vire gade nan oditwa an jiskaske Li te jwenn ti madanm lan, epi te pale l sou pwoblèm san l lan. Epi l te santi nan kò l ke pwoblèm san sa a te kanpe. Èske se vre? Epi L te di: “Lafwa w sove w.”

Kounye a, mo Grèk lan ki genyen an se sozo, ki vle di absoliman “sove,” fizikman oswa espirityèl, jis menm lan. Li te “sove.” Li se—Li se Sovè nou.

175 Bon, si se te Li ayè, epi fason Li te aji, pou pwouve ke Li te nan mitan pèp Li, Mesi yo te pwomèt la; epi se fason Li te idantifye Tèt Li, epi pwomèt pa Bib lan, Li tap fè menm bagay la kounye a; èske L pa tap, èske L pa tap fè menm bagay la?

176 Ou di: “Èske L te pale sou geri malad yo?” Ya!

Ebre yo, Bib lan ke m fèk li ladann, di ke: “Jezikri kounye a se Gran Prèt nou ki ka soufri ak nou nan feblès nou.” Konbyen moun ki konnen se vre? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Bib lan di sa. “Li se Gran Prèt lan kounye a ki kapab soufri ak nou nan feblès nou.” Alò si L se menm Gran Prèt lan ke L te ye lè sa a, kijan L tap aji kounye a? Li tap dwe aji menm fason Li te fè lè sa a, si Li se menm Gran Prèt lan. Kounye a, nou te ka...

Mwen pa Gran Prèt nou. Nou te ka manyen m, epi sa tap jis tankou manyen mari nou, oswa frè nou, oswa kisa ankò, yon nonm.

177 Men kite lafwa nou manyen L, epi gade kisa k rive. Kounye a, si mwen se sèvitè Bondye epi m te di nou Laverite, Bondye ap konfime sa ke se Laverite. E sa tap pwouve ke Jezikri ap viv aswè a, kanpe isi a. Èske se vre? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.]

Kounye a, nou gen lafwa, jis yon bò alafwa, yon bò. Nou gen lafwa deyò la a. Pito m rete nan mikwo an isi a, paske yo pa ka tande m.

178 Yon moun jis gade Bondye, epi di: “Bondye, mesye sa a pa konnen m. Li pa konn anyen sou mwen. M se yon etranje pafè pou li. Men kite lafwa m manyen W, Seyè. E W konnen ki pwoblèm mwen, Seyè. Ou konn tout sou mwen. Ou konn kimoun mwen ye, menm jan Ou te konnen kimoun Pyè te ye, menm jan Ou te konn Natanyèl, menm jan Ou te konn kisa k pat bon ak madanm ak pwoblèm san an. E mesye sa a di m ke Ou se ‘menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.’ Alò, Seyè, kite lafwa m manyen W.”

E si L ap fè sa, epi pwouve Tèt Li isi a san fay, konbyen nan nou kap kwè L ak tout kè nou; si L ap fè l omwen youn, oswa de, oswa twa moun, pou yon—pou yon temwen? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Bondye beni nou.

179 Kounye a, Papa Bondye, sa soti totalman nan men nenpòt nonm. Sa tap dwe fenomèn sinatirèl. Kidonk mwen priye ke W va ede m kounye a, Seyè. Mwen nan men W. Fè sa W vle avè m. Nan Non Jezi. Amèn.

180 Kounye a, piga nou sou nè. Jis ak imilite, ak respè di: “Seyè, m ap sèvi W. Epi sa pral yon verite, ke, si m ka manyen rad Ou, alò reponn mwen atravè mesye sa a. Sa pral pwouve m ke sa l te di a se Laverite.” Se vre?

181 Konbyen moun ki te janm wè foto Limyè sa a? Li nan tout peyi an, toupatou. Lasyans te pran li epi te egzamine li, ak tout kote. Kounye a, Li isi a menm kounye a; menm Sila a ki te di sou *Maryaj Ak Divòs*, menm Sila a ki te sou mòn lan, te souke bit yo dèyè la a, menm Sila a ki desann isi a nan rivyè a an 1933, menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Li se menm lan.

182 Kounye a, men yon madanm, e li rekonèt kounye a ke yon bagay rive. Limyè sa a ap pandye dwat sou li. Li chita *isi a* menm, chanday vèt sou li, oswa on bagay. M pa konn madanm lan. M sipoze nou se etranje youn pou lòt. Sa se vre. Èske w kwè ke Bondye... Ou—ou bezwen yon bagay, epi w kwè ke Bondye ka revele m ki pwoblèm ou? E si L fè l, lè sa a w konnen sa ap dwe yon pwisans sinatirèl, paske mwen pa konnen w. E sa ap dwe vini nan sinatirèl.

Sa depann de sa w panse li ye. Ou ka pran pati pa w ak prèt yo, rele l “dyab lan,” oswa ou ka pran pati pa w ak kwayan an epi rele l “Bondye.” Kèlkeswa sa w kwè a, se kote sa a rekonpans ou ap soti.

183 Si Bondye ap revele m pwoblèm ou, èske w ap aksepte L kòm ekspiyasyon w—w pou pwoblèm sa a? M pa konn kisa pwoblèm lan ye. Men m konnen, e w konnen, ke yon bagay ap pase.

184 Bon, kounye a jis kite m di w kijan w santi w, epi lè sa a w ap konnen; yon sansasyon vrèman cho, dous, konfòtab. M ap gade L tou dwat. Se Limyè sa a, Limyè koulè jòn oranj fonsè ki pandye toupre madanm lan.

E dam lan ap soufri ak yon pwoblèm nan lestomak li. Se yon jan de on bagay kap gwosi, tankou, nan lestomak li. Li pa moun isit. [Sè an di: “Egzak.”—Editè a.] Non. Ou soti lwen isi a pa vre? Se vre. Ou sot Wisconsin. Èske se vre? Sèten. Kounye a ou geri. Lafwa w fè w geri.

185 Kounye a di m Kimoun madanm lan te manyen? Mwen a venn senk mèt de li. Li te manyen Jezikri, Gran Prèt la. Èske nou kwè sa? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.]

186 M ap gade yon madanm ke m te pale avè l. Madanm sa a, m ap gade l dwat, paske l ap priye tèlman anpil pou yon mesye. Li te di m li te gen yon mesye...Li pat janm di m anyen sou sa.

Men non l se Madam Waldrop. Li sot Phoenix. Li te resisite sot nan lanmò, epi doktè l vini ak radyografi yo epi te montre kansè nan kè a. Li te mouri nan liy priyè a. Sa te fè konbyen tan, Madam Waldrop? Dizuitan de sa, epi men l chita la aswè a, yon temwayaj vivan. Doktè l te vin nan reyinyon an, te pote...Te di: "Kijan madanm lan ka viv?" Men men li la a, epi okenn siy de sa.

187 Li te mennen yon moun, epi l ap priye pou li. Kounye a, l ap mouri, ak dyabèt. Kounye a, sa m te konnen. Men kòm w ap priye... Ou konnen mwen pa konn kimoun li ye, Madam Waldrop.

188 Li sot Missouri, e non l se Mesye Cooper. Se vre. Kounye a, ou kwè, ou ka tounen lakay epi pou w byen, mesye. Sa depann de ou, si w ap kwè l.

189 Men yon madanm, epi l ap soufri ak yon kondisyon opresyon, konplikasyon. Li pa moun isi a. Li chita deyò la a nan foul lan, dwat deyò la a. M espere li konprann...Li pa moun isi a. Li sot Georgia. Madmwazèl McKenny. Èske w kwè ak tout kè w, epi kwè ke Bondye ap fè w byen? Kanpe sou pye w, si w se yon etranje pou mwen epi se vre. Jezikri geri w. Èske w kwè?

[Frè Branham bay do bay asanble an—Editè a.]

190 Dèyè mwen, gen yon mesye ki chita dèyè m. L ap kontakte Bondye. E sa ke l vle; li gen yon bebe ki gen pwoblèm kè. E bebe sa a gen yon souf nan kè l, selon sa doktè a te di. Epi non mesye sa a se Mesye Cox. Kanpe, Mesye Cox. "Epi l te di Sarah a kisa li tap panse, dèyè li."

[Frè Branham kontinye kenbe do l bay asanble an—Editè a.]

191 Dwat an fas ale a sot kote l ye a, dèyè yon tikal pi lwen, se yon nonm ki pa sot isi a, men l sot New Mexico. M pat janm wè l, nan vi m. M ap gade l dwat kounye a, epi li dèyè m. Li sot New Mexico. E nonm lan gen yon tifi ki preokipe l, e tifi a gen yon bagay ki pa bon ak bouch li. Se yon... Palèt nan bouch li se sa k pa bon an. E non mesye an se Mesye West. Èske w ta vle kanpe, mesye. M se yon etranje total pou li, men Seyè Bondye ap geri pitit li.

192 Èske nou kwè kounye a ak tout kè nou? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Konbyen nan nou ki kwè kounye a ak tout kè nou? ["Amèn."] Kounye a, èske Jezikri pa menm lan ayè, jodi

a, ak pou tout tan? [“Amèn.”] Èske nou aksepte L kounye a kòm Sovè nou? Leve men nou. [“Amèn.”] Èske nou kwè nan Li kòm Gerisè nou? [“Amèn.”]

193 Isi a, men yon moun kouche isi a, enfim oswa on bagay, lonje sou yon branka.

Èske w ka tandè m nan mikwo sa a? [Frè Branham pran yon mikwo epi pale nan direksyon arebò lestrad la epi pale ak madanm lan ki sou branka an—Editè a.] M pa konnen w. Ou se jis yon madanm ki lonje la a. Si m te ka geri w, m tap fè l. M pa ka geri w.

[Yon mesye kòmanse kriye—Editè a.] Trè byen. Se jis yon mesye kap rejwi. Pitit li te geri.

M pa konnen w. Ou se yon madanm, e m se yon mesye. Se premye fwa nou rankontre nan lavi, m sipoze. Moun sa yo...?...ki te mennen w. Franchman, se premye fwa w isit la; yo fèk mennen w. Ou soti lwen. Ou gen lonbray lanmò sou ou. Ou gen kansè. Se pa enfim. Se yon kansè. Doktè yo pa ka fè anyen ankò pou ou. Se vre. E ou sèten w ap mouri; doktè sa yo pa ka fè anyen ankò pou ou.

194 Yon fwa te gen twa lepre ki te chita nan pòtay Samari. Epi lepre sa yo te di: “Poukisa nou chita isi a jouk nou mouri?” Poutèt, tout maladi yo, mouri grangou, epi manje pitit youn lòt. Yo te di: “Si nou desann nan kan lènmi an, Siryen yo; si yo touye nou, nou pral mouri, kanmenm. E si yo sove nou, n ap viv.” Epi yo te pran chans sa a. Epi, pa lafwa sa a, yo pat sèlman sove tèt yo men tout gwoup la.

195 Kounye a, nou pral mouri si nou lonje la a. Men yo pa mande nou pou n ale nan kan lènmi an. Men yo envite nou nan kay Papa an,...?...

196 W ap mouri ak kansè. Ou pa ka viv andeyò Bondye. Ou pa soti nan vil sa a. Ou pa sot bò isit. Ou sot lwen. Ou soti Milwaukee. Se vre. Se egzak. M te wè vil la. M konnen l. Se vre.

Èske w kwè? Èske w ap aksepte Bondye kounye a kòm Gerisè w? Si w ap fè sa, sa pa enpòtan nan ki pwèn ou fèb, nan ki pwèn ou kouche nan kabann, mwen kwè, nan ka pa w, mwen tap leve nan Non Jezikri. Epi m tap pran branka sa a epi al lakay, epi viv pou glwa Bondye. Èske w ap obeyi m, antan ke pwofèt Bondye? Alò leve epi ale. Se pou w byen! Piga w pè. Leve sot nan branka a; Bondye ap geri w. Ou wè?

197 Yon moun kenbe l, konsa li ka leve epi pran fòs. Èske w kwè Bondye? Jis kite l pran yon ti fòs; l ap kòrèk. Se sa, sè. Apa li, nan Non Seyè Jezi! [Asanble rejwi antan sè an kanpe kounye a—Editè a.]

Annou kanpe epi bay Bondye louwanj. Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan! [Asanble ap rejwi anpil epi ap louwe Bondye—Editè a.]

Ale, epi Seyè Jezikri beni nou. Se pou n byen. [Asanble kontinye rejwi anpil epi louwe Bondye—Editè a.]